Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Зыпэрыт Іэнатіэм къыщахьа ехъулІэныгъэхэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыж

Бжэныкіэ Хъусен Зыбзиз и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сату-экономикэ Іуэхухэмкіэ и Іуэхущ1апІэу Волгоград, Астрахань областхэм, Къалмыкъ Республикэм щыІэм и унафэщІым, «Эльбрус-Волга» ООО-м и унафэщІым

Картлыковэ Налжан Ражаб и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынщІагъэр хъумэныкіэ и комитетым и консультантым

Кіыщокъуэ Руслан Хьэтау и къуэм - Налшык къалэм и «Къалэ поликлиникэ №4» узынщІагъэр хъумэныкіэ муниципальнэ Іуэхущ1апІэм и дохутыр нэхъыщхьэм

Любуня Николай Григорий и къуэм - «Тэрч-Балъкъ округ къэзакъыдзэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэм

Сурхайханов Ибрэхьим-Хьэлил Гъазий и къуэм - «Урысейм и Художникхэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм хэтым

Шэрыпужь Хъусен Хъанбий и къуэм - Шэрдэж муниципальнэ районым щыщ Зэрэгъыж къуажэ жылагъэм и Іэтащхьэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыхьэ сурэтыщІ» щІэ лъапІэр фІэщыгъэ

Бгъэжьнокъуэ Заурбэч Хьэчим и къуэм - «Урысейм и Художникхэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и къудзэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и артист» щІэ лъапІэр

Гъазаев Мыхьмуд Хьэжисмэхьил и къуэм - «Балкария» Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэрыіуатэ-этнографие ансамбль» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и балетым и артистым

КІуэкІуэ Елизаветэ Мурадин и пхъум - «Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и актрисэм

Мэкъушэ Руслан Іэуладин и къуэм - «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамбль» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и гъэзэщІакІуэ директорым

Ракитина Иринэ Владимир и пхъум - «Тэрч къэзакъэр» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал къэфакІуэ-уэрэджыІакІуэ ансамбль» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и солисткэм

Шаваев Орусбий Тебо и къуэм - «Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и актерым

Шыбзыхъуэ Барисэт Умар и пхъум - «Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и актрисэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и дохутыр» щІэ лъапІэр

ПІаз Марие Къанцобий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хъумэныкіэ и министерствэм и «Жьэн узым щеІэзэ «Звездочка» сабий санаторэ» узынщагъэр хъумэныкіэ къэрал Іуэхущ1апІэм и дохутыр нэхъыщхьэм

Созаевэ Марьям Сулътіан-Хьэмид и пхъум- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хъумэныкіэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узынщагъэр хъумэныкіэ къэрал Іуэхущ1апІэм и клинико-диагностикэ лабораторэм и унафэщІым, клиникэ лабораторэ диагностикэмкіэ дохутырым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и журналист» щІэ лъапІэр

Котляров Виктор Николай и къуэм - «Эльбрус» журналым и редакцэ» ООО-м и редактор нэхъыщхьэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэзэджэмкіэ щыхь зиІэ и Іэнатіэм»

Балъкъэр Тамарэ Хьэцу и пхъум - «Гъэзэджэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ институт» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныкіэ и Іэнатіэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр

Исаенкэ Татьянэ Владимир и пхъум - «Май район сымаджэщ» узынщагъэр хъумэныкіэ муниципальнэ Іуэхущ1апІэм и лъэупІэ къудамэм и унафэщІым, акушер-гинеколог дохутырым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкіэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр

Пщыгъусэ Аслъэмбэч Хьэзрэт и къуэм - тхакІуэм, «Псори унагъуэм папщІэ» сату унэм и унафэщІым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкіэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр

Іэрэмысэ Аслъэнбий Мухьэмэд и къуэм - «Налшык» зоопарк» муниципальнэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым

Быстровэ Галинэ Владимир и пхъум - «Бгъылъэ, бгыльапэ щІыпІэжэм жыг хадэхэр щыгъэкІыныжмкіэ Кавказ Ищхъэрэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт» федеральнэ къэрал щІэныгъэ Іуэхущ1апІэм къэкІыгъэхэр зехьэныжмкіэ и къудамэм и унафэщІым

Матуев Мухьэмэд Куку и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкіэ и министерствэм мэз, псэушъхьэхэр хъумэныжмкіэ, абыхэм якІэлыпІэныжмрэ къызэрагъэсэбэлыр зэблэгъэкІыныжмкіэ и департаментым и унафэщІым

Іутлык Арсен Зырамыку и къуэм - «Дыщэ щхьэмыж» агроконцерн» ООО-м и генеральнэ директорым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхьэхэр зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр

КІэрэф Мурадин Ахьмэдхьан и къуэм - Тэрч муниципальнэ районым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм

Мэрпэнкъуэ Ларисэ Мухьэмэд и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зэпыныгъэмкіэ и министерствэм и «Щыхьэхэм социальнэ зэпыныгъэмкіэ и Мэ и Мэ районым управленэм социальнэ льготэхэмрэ ахъшэр тыныжмкіэ и къудамэм и унафэщІым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр

ГъэупІащІэ Алешэ Амырхан и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и генеральнэ директорым

Гук Сергей Николай и къуэм - «Гъэугухэр зезыхьэ предприятэ №166» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэм Бахьсэн дэкІ Проходной-Іуащьмахуэ федеральнэ автомобиль гъэугр зезыхьэ и участкэ №98-м ухуэныгъэ, монтаж лэжьыгъэхэмкіэ и мастерым

Дидигов Мухьэрбэч Ильяс и къуэм - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэтым

Мамыкъуэ Исмэхьил Хьэмгъуэт и къуэм - «Гъэугухэр зэгъэпэщыжьнымрэ ухуэныгъэ Аруан управленэ» ООО-м и кьыхьгъэхэр кьызэгъэпэщыныжмкіэ и Іэщ1агъэлІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм фокІадэм и 6-м
№135-УП

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ТЕЛЕВИДЕНИЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№169-170 (22.078) ● 2011 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 10, щэбэт ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ●И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Шэрэдж куейм ирагъэблагъэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Жылагъуэ къэс

●ЗэІущІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен вэсэмахуэ Къэщхьэтау щригъэжьэжащ ди республикэм и къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-мкІэ федеральнэ инспектор Вербицкий Александр, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм хэтхэр, къалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр. Зэ1ущ1эм щыхэплъэжащ 2009 - 2010 гъэхэм Щэрэдж районым зэфІихь дэжьыгъэхэм, мы гъэм зэфІэгъэжьын хуейуэ къажэна Іуэхугъуэхэм. КъэнщыгъэмыщІауэ, дяпэкІэ псом япэ гу-лыитэ зыхуэущІыпхъэу къуажэ къэс дэль гугъуехьхэрэ яубзыхуащ.

ШЭРЭДЖ куейм и гъунапкъэхэм щыщІидзэм деж КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щрагъэблэгъащ районым администрацэм и Іэтащхьэ Темиржаноф Махьтэ, куейм и кьуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, мэкъумэш хозяйствэм, щэнхабзэм, гъуэджэм я лэжьакІуэ пэрытхэм. Иджьблагъэ зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа, «КъБР-м и цІыхубз артист» щІэ лъапІэр абы ирихьэ лІэу зыхуагъэфащэ Ульбашев Азнор екъуэхьуну нэхьапэІуэкІэ кьыІэзэрымыкІуэфар кьыхуиГъэгъуну елъэІури, Къанокъуэ Арсен абы тыГъэ хуищІащ «Шевролет» автомашинэщІэ. ИУжькІэ республикэм и унафэщІыр кІу ащ «Зэрэгъэшь» турист-этнограф центрым.

Иджьблагъэ кьыІэзэрагъэпэща а Іуэхущ1апІэм щІыуэ гектари 7,1-рэ кІыгъащ. ИкъуэкІэ щыпІэ дахэм, гуэл Іуфэм деж, пасэрей архитектурэм къитІасэу щаухуащ унитх у. Абы я пэщхэм кьыщагъэлъагъуэ ижь зэманым льэпкъ зэмылІэужьыгъуэу 7-р зэрыпсэууэ щыта щыкІэр. Адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ я псэукІэр зыгъэлъагъуэхэм нэмыщІ, абы щыІэщ хьэрыпхэмк, Европэм щыпсэу льэпкъхэмя и блэкІар къэзыІуэтэж пэщхэр. Апхуэдэ щыкІэкІэ, жьеблэгъа хьэщІэм Іэмал егъуэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и льэпкъхэмрэ адрей щыпІэхэм я цІыхухэмрэ я блэкІар зэрэгъэпэщэну.

А Іуэхущ1апІэр Къанокъуэ Арсен къиплъыхьа нэужь, «Эрэгъэшь» турис тэтнограф комплексым и унафэщІ Афіэунэ Руслан чэнджэщ иритащ туристхэр щыхьэщІэну унэхэр яухуэну, центрым и пщІантІэр абыхэм махуэ зыбжанэкІэ зыгъэпсэхуПІэ яку эхъун хуэдэу.

- Щыр фи мащІэкъым, ар тыншу фхуэзэфІэкІынущ. Фейдэ кьиМытмэ, а псэупІэ унэхэр фхуэщІэжынущ. Си гугъэмкІэ, фытегушхуэ хьунущ апхуэдэ щыкІэкІэ фи лэжьыгъэм зевгъэубгъуным, - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Турист-э тнограф центрым пэмыжьмжьэ у щолажьэ «Дыщэ щхьэмыж» мэкъумэш концерным и Іуэхущ1апІэ. Ари кьыІэзэрызэрагъэпэщэ куэд щІакъым. А концерныр йолэжь къэщэпэщэ къэгъэкІыным, хьэмэным, Іэщ зехуэным. Абы и унафэщІ Іутлык Арсен КЪБР-м и Президентым иригъэлъэгъуащ иджьблагъэ я зэутІыпщ элеваторыр. Ар хуэщІащ гъавзу тонн мин 20 зэрыщахьэмэнум. «Дыщэ щхьэмыжьмэ мы гъэм кІыгъэкІыну кьрихьэлІэжар тонн мин 17,5-рэ мэхьу. Абы нэщІу кІыхьу энащ тонн зыбжанэ зэрыхуэн. Апхуэдэ щыкІэкІэ, гуэдзыр хъужьнымкІэ республикэм и мэкъумэшыщІэ хэм Іуэхутхьэзэ хуалэжьыфынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ элеватору 4 иІэу аращ, зэхэту яхуэхьумэфыр гъавэу тонн мин 70 нэхъыбэ хьурыкъым. Абыхэм я Іэмэпсымэхэр тІорыгъэщ. Абы щыгъуэмэ, КЪБР-м гъэ кІэс гъавэу кьыщрахьэлІэж тонн мин 500 - 600 хуэдиз. А бжьыгъэхэм нэлуэ кьащІ ди республикэр егъэлеяуэ элеваторхэм зэрыхуэныкьуэр. Ар кьаІэтыгъэ, «Дыщэ щхьэмыж» концерным и унафэщІхэм мурад ящІащ илъэсэ 3-м, кьиубыдэу иджьыри элеваторэ 5 Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щаухуэну, дэтхэнэри гъавэу т онн мин 20 зэрыщаухуэмэнум хуэщІауэ икІи иужьырей Іэмэпсымэхэмкіэ кьыІэзэгъэпэщІауэ. Абуду эы элеватор ухуэным текІуэдэнущ сом мелуан 95-рэ. Ар абы кьилэжьыкьифынущ илъэсэ 2,5-м. Япэр щащІынр Май районращ. Ухуэныгъэр езыгъэкІуэкІынр США-м щыщ компаниещ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен иту ирихьащ «Дыщэ щхьэмыж» концерным и лэжьакІэр.

- Зэрэн дыфхуэхьунукъым, дывдэІэпыкъунущ, - кьигъэгугъащ абы концерным и унафэщІ Іутлык Арсен.

(КІуэхьр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Президентым и нэІэ тету

2011 гъэм фокІадэм 9 - 12-хэм Налшык къалэм дэт «Синдика» интуриг-ыпэщІэщым щекІуэкІыжыгъуэ къэрал зыбжанэм кьикІа щІалэгъуалэр зыхэтыну «Кавказым зэхэщІыкІ ятын папщІэ» зэхуэсыщхьэр. Ар нэхъыбэу зыхуэунэтІауэ щытынур щІалэгъуалэ политикэм зегъэужьынырщ, щІалэгъуалэм драгъэкІуэкІ (лэжьыгъэ егъэфІэкІуэныгъэ.

МЫ ЗЭІУЩІЭШХУЭ Ркъызэрагъэпэщ Урысей Федерацэм Спортымрэ туризмымкІэ и министерствэм, Европэм и Советым ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмрэ спортымкІэ и директораты, ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ агентствэм, Урысейм и ЩІалэгъуалэ, сабий зэгухьэныгъэхэм я льэпкъ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я союз» щыІэныгъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Гъэпкъ куэд щыпсэу Урысей» клубым. Мы Іуэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и жьауэм щІэту екІуэкІынущ.

Зэхьыхьэм кьрихьэлІэнущ Урысейм, Кавказ ЩІыбым, Европэм я щІалэгъуалэ, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэмрэ Урысей, УФ-м и къэрал властым и органхэм, Европэм и Советым я лІыкІуэхэр. Псори зэхэту щыхуи Іэ1ш 150-рэ хуэдиз къызэхуэсыну хуагъэфащэ.

Мы Іуэхур кьызэрагъэпэщащ 2009 - 2012 гъэхэм Урысей Федерацэм Спортымкіэ, туризмымкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и министерствэмрэ Европэм и Советым ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхэм я спортымкіэ и директорэмрэ щІалэгъуалэ политикэм и лъэныкъуэкІэ зэрызэдэлажьэ программэр гъэзэщІэным хнубыдэу.

●Гу зылъытапхъэ

Хэхыныгъэм хэтыну политикэ партхэр

Урысей Федерацэм и Президентым 2011 гъэм щыщхьэІум и 29-м кьыдигъэкІа Указ №1124-м ипкъ иткІэ, Къэрал Думэм и зэхуэсыгъуэщІэм и депутатхэр хахынущ 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м.

«Политикэ партхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ закону 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м къыдэкІа №95-ФЗ-м ипкъ иткІэ, хэхыныгъэ зэгухьэныгъэ папщІэу хэхыныгъэ Іуэхуэхэм хэтыну хуитщ мыпхуэдэ политикэ партхэр:

«Урысей Зэкъуэгъэ Урысейпсо политикэ партыр

«Урысейм и Къэрал-демократ партыр»

«Урысейм и Къэрал-демократ партыр»

«Урысейм и Либерал-демократ партыр» политикэ партыр

«Урысейм и «ЯБЛОКО» демократ партыр зэкъуэт» политикэ партыр

«Урысейм и патриотхэр» политикэ партыр

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партыр

«Іуэху захуэ» урысейпсо политикэ партыр.

Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэ къудамэ.

●Аруан куей

Лъэ быдэ

КъызэрызэІуахрэ блэкІа илъэс 14-м хуэзфІэкІахэм ятепщыхьмэ, дяпэкІи нэхъри зиужьын, Іэнатіэхэр иригъэфІэкІуэ папщІэ, «Эрпак» ЗАО-м хуэхьІупІэ хъарзынэхэр иІэщ.

ТХЫЛЪМПІЭ картонхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэм елэжь предприятэм и Іуэхуэ егъэкІуэтэ Европэм, Дуней псом кьыщагъэсэбэп иджырей Іэмэпсымэ лъащхэм хуэдэхэр зэриГъэувам. Нэхъыщхьэращи, тхылъымпІэжьхэр къэзыгъэзэрыщІэжьмэ мы Іэнатіэм кьыщІигъэжьащ продукцэр Урысейм и адрей заводхэм я ІэдакъэщІэкІэхэм нэрылъагъуу йофІэкІ. Аэхр кьыщагъэсэбэп Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэнатіэр куэдым: мэкъумэшхэкІэхэм, ерыскыкьэхІэхэм, Іэфыкьэхэм, гъэшым щелэжь Іуэхущ1апІэ инхэм.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, апхуэдизу тхылъымпІэхэкІ щхьэжькІэпльыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщІэзыгъэкІ заводыр дыкьэзэІуэхьуреихь дунейм и кьабзагъэм зыкІи, зэрэн зэрыхуэмыхьэр. «Экологием ехьэлІа гъэкьыгъэхэр ди деж зы махуи щызэпсыгъуркъым. ДяпэкІи абы дегугъунущ, сыту жьиІэмэ, узыщІапсэу щІынальэр къэзыхуэрейхь дунейм хуэфащэ гупльитІэ хуумыщІынр икьукІэ кьемызэгъыщ», - жеІэ «Эрпак» ЗАО-м и унафэщІ Ерчэн Жэмболэт.

Заводыр иогушхуэ зи Іэщ1ыгъэм фІыуэ хэзыщІыкІ лэжьакІуэ Іэ ЗЭРЭГЪЭ. Абыхэм папщІэ тренажер пэщ, бассейн кьызэІуахащ, уеблэмэ я футбол команди яІэжщ. Ибэ быдэкІэ ува предприятэм дяпэкІэ и зэфІэкІым зэрыхигъэхьуэнум шэч хэлъкъым.

ЛЬОСТЭН Муэз.

■ ЗэІущІэхэр ■ Махуэгъэпс ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Щэбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис



ДУНЕЙМ И ЛЪЫБЛАХЭ

ЗэгуригъэІуэжьну ущІокъу

Сирием и къэралкІуэцІ къаугъэр гъэтэмэмыжа зэрыщыхьуну щыщІэмкІэ Урысей Федерацэмрэ Европэмрэ я Іуэху бгъэдыкьокІэхэр зэтеухэрыкьым. Урысейм зэпсальэныгъэхэр кьыІэригъэпэщу кьаугъэр игъэтэмэмыжьынымкІэ нужь итщ, Европэм Сирием и властым санкцэхэр ирещІылІэ, ар лъэныкъуэ хуегъэзыжьынымкІэ.

- Дэ Іуэхум и бгъэдыкьэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм дыхэпльэну дыхьэзырщ, ауэ ахэр хуэунэтІа хьунукъым зы лъэныкъуэр - правительствэмрэ Сирием и президент Асад Башарэрэ псомкІи гъэкъуэща зэрыхуэнум. Дэ дгъэкІуэтэжьынымкІэ ныкъуитІми ткІийуэ къагурыгъэІуэн хуейщ зэбгъэдэтІысхьэу зэпсальэурэ зыгъгъажэр зэрагъэувыІэну Іэмалхэр къыІэрагъэтыпхъэр, - жиІащ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий, «Европнеюс» телеканалым интервью щритым.

Иджьблагъэ абы Сирием и президентым деж игъэХуащ къэралыгьІ Іуэхуэхэмкіэ министрым и къэзыгъэІэтыр, Европэм и Іуэху епльыкІэр абы гуригъэІуэн папщІэ.

АфрикэмкІэ УФ-м и Президентым и лІыкІуэ МарГелов Михаил зэрыжиІамкІэ, дыгъуасэ Москва къэкІуащ Сириием и оппозицэм и лІыкІуэхэр. Ар фокІадэм и 11 - 14-хэм Іуэ1энущ Сирием и правительствэм и лІыкІуэхэмк. Апхуэдэ щІыкІкІэ абыхэм я зэпсальэныгъэхэр Урысейм кьызэригъэпэщыну нужь итщ.

Нэхъ ткІий ящІ

«РТЛ» телеканалым интервью щритым, ФРГ-м и канцлер Меркель Ангелэ дыгъуасэ кьыхигъэщащ гъэтэрроризмым гуэшІыпхъэ законэхэр нэхъ ткІий щІыным ар и телъхьэу кьызэрыувыр, экстремистхэм япэщІэтыщынымкІэ ахъхуэду Іуэху бгъэдыкьэкІэхэр Іэмалынмэ кьызэридыдзэр.

- А хабзэхэр нэхъ ткІий дымыщІу хъужьнутэкъым фокІадэм и 11-м ялэжьа терактхэм я ужькІэ. ЦІыхухэр мамыру зэпуи папщІэ сэ сыарэзыщІа законхэр нэхъ ткІиж ящІынымкІи, - жиІащ абы.

Нэхъ ткІий ящІ Ангелэ кьызэрилъэтэмкІэ, дунейпсо терроризмым пІалъэ кІыхькІэ ебэнын хуей хьунущ. Абы и щІыхьэту кьинъэуващ Нью-Йорк щалэжьа терактым и ужькІэ къэралыкъэу зэгухьэу я дзэр Афганистаным зэрыращІар.

- ИтІани, ащ1ауэ зауэ Іуэху зыубгъуэхэм я закъуэкІэ терроризмым утекІуэнукъым. Ар дэ кьыдгурыІуащ нужьрей илъэсэ 10-м, - кьыхигъэщащ Меркель Ангелэ.

Чэнджэщ ярет

Израильм террорым ебэнынымкІэ и штабым дыгъуасэ кьыдигъэжащ журтхэр хамэ къэралхэм кІуэныну ехьэлІа чэнджэщыпхъэр. Абыхэм Израильм щыщсуухэр кьыхуадж Іуэху Іэмалынмэ ямыІэм, журтхэм я гуфІэгъуэ щІалъэм темыхьыну.

КьищынэмыщІауэ, а штабым журтхэм я дежкІэ щынагъуэу кьилъытащ Тунисымрэ Нигериямрэ зыщагъэпсэхуныр, Таджикистаным ехьэлІауэ япэм кьигъэлъагъуэу щыта шынагъэмрэ щыта зэпсальэныгъэхэр.

Апхуэдэ чэнджэщхэр Израильм и властым зэпымыууэ кьыдегъэкІ - ар набдзэгубдзапІэу кІэлъоплъ дэтхэнэ кьэралыр сыт хуэдэ щытыкІэ иувэми, абы я властхэр журт кьэралыр сыт хуэдэ щытыкІэщтми.

«Едиот Ахронот» газетым зэритхымкІэ, ныщхьабэ МИД-м и Іэтащхьэ Либерман Авигдор и мурадщ зэ1ущІ щхьэхуэ кьызэригъэпэщу Израильмрэ Тыркумрэ я зэхущытыкІэхэр зэрызэІыхьэм тепсэльыхьыну, тыркухэм я санкцэхэм жэуапу иратыжьынум хэпльэну. А жэуапхэм ящыщу хопльэ ермэлыхьм я льэныкъуэкІэуэдыр Тыркум изэжьауэ кьолтыгъэныр, куэдхэм я щІэпхъэдэжщІэ гупхэм я унафэщІхэм запыщІэныр, Тыркум и Іэсхъапі Іэхэр кьальыхьэуну журт дипломатхэм унафэ яхуэщІынр.

Мы махуэхэм

●ФокІадэм и 10, щэбэт

◆ Зыужьыныным и Іуэхухэр зэтеГъувыІэным и дунейпсо махуэщ

◆ Япэ медицинэ дэІэпыкъуэгъу хъуным и махуэщ

◆ 1916 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Щоджэнщыкіу Іуэм.** 1995 гъэм дунейм ехьажащ.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti. ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ пшэр техьэтекІуэ щытынущ, мащІэу уэшх кьешхынущ, хуабэу махуэм градус 17, жэщым градус 13 щыІэнущ.

●ФокІадэм и 11, тхьэмахуэ

◆ Байкал гуэлым и махуэщ

◆ Гватемалэ президент щыхьэхынущ.

◆ Осетие Ипшэ Республикэм щекІуэкІынущ урысыбзэм и тестыр щыбзыкІу зэрыгъэпэщу Ирландыр. Тыркуэрмэ я зэхущытыкІэхэр зэрызэІыхьэм тепсэльыхьыну, тыркухэм я санкцэхэм жэуапу иратыжьынум хэпльэну. А жэуапхэм ящыщу хопльэ ермэлыхьм я льэныкъуэкІэуэдыр Тыркум изэжьауэ кьолтыгъэныр, куэдхэм я щІэпхъэдэжщІэ гупхэм я унафэщІхэм запыщІэныр, Тыркум и Іэсхъапі Іэхэр кьальыхьэуну журт дипломатхэм унафэ яхуэщІынр.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti. ru» сайтым кьызэритымкІэ, мащІэу пшэ телъынущ, хуабэу махуэм градус 20, жэщым градус 13 щыІэнущ.

●ФокІадэм и 12, блыщхьэ

◆ Фашизмым и лей зытехьахэм я дунейпсо фэепльэ махуэщ

◆ 1492 гъэм **Колумб Христофор** Америкэр кьызэІунхащ.

◆ ФокІадэм и 12 - 30-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ цІыхум и хуитынымкІэхэмкІэ ООН-м и Советым и 18-нэ сессиэ.

◆ 1930 гъэм кьалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цІыхубз тхакІуэ **Брат Хьэбас.** 2002 гъэм дунейм ехьжащ.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti. ru» сайтым кьызэритымкІэ, пшэр техьэ-текІуэ щытынущ, хуабэу махуэм градус 22-рэ, жэщым градус 14 щыІэнущ.

ПІалъэхэр зыгъэхьэсырар **ГЪУЩІОЗарифэ.**

Лъэпкъ Іуэщагъэ:

Зи жьэ куэд жиІэм и Іэм куэд ищІэркъым.

●Псапащ1э Іуэхуэхэр

«Дэ тщІэтыр зылъщ!»

Апхуэдизу зэдыкьаІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и донорхэм. Ахэр зыхэт «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьыхильхьа жэрэзмым ишкъ иткІэ, фокІадэм и ещанэ мазэкур щытынущ. Льы зыт ныбжьыщІэхэм я урысейпсо махуэ.

«М-Драйв» клубым и папщІэ, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм лы тын Іуэхум зегъэужьынымкІэ и центрым хэт Байсиев Темыржан зэрыжиІэмкІэ, Москва, Санкт-Петербург, Дон Іус Ростов, Владивосток къалэхэм Кавказ Ищхъэрэм икІауэ щыпсэу щІалэгъуалэр фокІадэм и 15-м а щІыпІэхэм щыІэ лы щат станцэм щызэхуэсынущ, пасэу лы ятын папщІэ. УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр щІэныгъэ Іуэхуэхэмкіэ и комитетым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щІэ «Алания-мотоспорт» автоклубым. Абы щыгъуэ кьызэрагъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэм тыш тыным зыщІегъужьынымкІэ щІыналъэпсо щІалэгъуалэр зэгухьэныгъэ.

Мы гъэм псапащІэ Іуэхугъуэр «Дэ тщІэтыр зылъщ!» кьыхуеджэнырэм щІэту екІуэкІынущ. «М-Драйв»-м и жэрдэмщІакІуэхэм зыхалъхьащ икІи Интернетым ирагъэхьащ «Кавказ донор» акцэм и гимнэр. «Дэ дызэгъусэщ, дэ Урысейм дрищІыхуну, дэ тщІэтыр зылъщ», - апхуэдизщ лы зытхэм я зэщІэхъеенныгъэм хэтхэм я гупсысэ нэхъыщхьэр.

ДЕМИДОВЭ Анн э.

●Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ростов» (Дон Іус Ростов)

Налшык, «Спартак» стадион. ФокІадэм и 11-м, сыхьэт 16-м.

Республикэм и цІыхухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж жэщым махуэм щолажьэ коррупцэм теуХуауэ хьыбар зэрэвгъащІэ хьуну телефонхэр.

ВЛАСТЫМ и лІыкІуэхэр яІыгъ къулыкъуэхэр я щхьэ Іуэхукіэ кьызэрагъэсэбэлым, пэжьыгъэм ехьэлІа, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудым фыщІыгъуэзэмэ, а телефонхэмкІэ Администрацэм и лэжьакІуэхэм захуэзгъэзэщ. Хэлъщ1ыу фщІыну фызытешынымкІэ Іуэху гуэрэхэм фытепсэльыхьынымэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и зыкъыфащІэ зэрыхьуну телефонхэр кьэзгъэльагъуэмэ зэрэІэкІынущ. ЦІыхухэм кьабгъэдэкІ дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм зэхагъэкІыжу зэрыщІэхуэ хабзэхэр ящІынымэ, кьэпщытакІуэ органхэм. Хьыбарыр кьызыбгъэдэкІар хэІуэщІыну ящІынущ.

Телефонхэр:**8(8662) 47-17-79, 47-32-56**.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Жылагъуэ къэс

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ЗэкIуэм щIидзэн и пэ кIыхуэу республикэм и Президентыр кIуащ Бабугент кIуажэм дэт интернат-курыт еджапIэмI. Абы жэщI махуи щIыIэу тхъэмахуэм жаурыгъухIэ щрагъаджэ хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм кIаахIа сабийхэр. КIаанокIуэ Арсен щIагъэзэ зыкIуащIа социальнэ Iуэхущапи Iэр зыхуэнокIуэ псоми икIи абы и унафэщI Моккаев Iакъуэм кIигъэгугъащ дэIепыкIуэгъу яку зыкIуу. Еджапи-интернатым нэхъ зиужьын папщIэ мурад ящIащ абы кадет училищэ кIыщыщIэфIахуу, щеджэ сабийхэм я бжыгъэм хагъэхъэну.

Къэшхъэгъэ Щэнхабзэмкlэ и унэм зэIущIэр щекIуэкIащ. Абы тIысыпIэ нэщI иIэжтIекIым, апхуэдизкIэ цIыху куэд кIекIуэпIати. Апхуэдэ зэIущIэхэр мы гъэм щыщIэдзауэ илъэс къэс республикэм и куей псоми зэрызэ щригъэкIуэкIыну КIаанокIуэ Арсен и мурадщ. Мыр къыщыдэIуэкIым, абы кIыхьитIащ 2010 гъэм КъБР-м и кIалэхэм, районхэм гупищу гуэшауэ ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм Щэрэдж куейм зэ ушэтIа кIызэрыщIхьар икIи а текIуэнигъэм кIыпэкIуэу районым сом мелуанипщI саугъэту кIыузэрыхуагъэфэщар.

КъБР-м и Президентым къызэригъэлъэгъуамкIэ, иужьрей илъэхэм Щэрэдж куейм екъуIэнигъэкIрэ иIэщ. Абы кIыщыгъэкI гъавэми, кIрахьэлIэж ерыскъыжкI лIэужьыгъуэхэмI, я Iэщ бжыгъэмI хэжъуэ зэпытщ, демографие щыгъыкIэмI фIыкIэ зекъуж, бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм кIыхуэутIыпщ анэщхэм нэхъыбэ езыгъэкIыф куейуэ республикэм иIэр а защ. ИкIи псом нэхъ р нэхъыщхьэращи, и Iэхъуэхэр дяпэкIи апхуэдэу ефIэкIуэнымкIэ районым Iэмалыфыжэр иIэщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къудзэ Абрэдж Iэдиф кIыхьзэригъэлъэгъамкIэ, Президент Кьанокъуэ Арсен и унафэщIэ, Правительствэм и комиссэ бадзэуэгъуэм и 8-м Щэрэдж районым щылэжащ. Абы хэтхэр щыIащ куейм и дежкIэ социальнэ, щэнхабзэ мыхъуэ зиIэ Iуэхущапи Iэ псоми. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван зи тхьэмадэ комиссэм нубзыхуащ 2012 гъэм щыщIэдзауэ псом япэ зэлэжьыпхъэ Iуэхущыгъуэхэр, унафэ кьащтащ районым и социальнэ унэ псоми я унащхьэхэр хъуэжьын хуейуэ, псыкIэ жылагъуэхэр кIыхьзэрагъэпэщ системэр егъэфIэкIуапхъэу. А комиссэм лэжьын хуейуэ бадзэуэгъуэм иубзыхуэ куэд мы зэIущIэм кьыщащта унафэмэ хэгъэхэн зэрыхуейр Абрэдж Iэдиф къыхигъэщащ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ затумкIэ и министр Мусуков Алий Щэрэдж куейм и социально-экономикэ зыужьыкIэр кIигъэльагъуэу кьыщыпсалъэм, тегъэщIапIэу иIар республикэм и кIалэхэм, районхэм я зыужьыкIэр щыгъэразагъащIэм кIрикIуа бжыгъэхэращ. Ахэр зэрызэпеуа рейтинг системэм кьызэригъэлъэгъуамкIэ, куейм и куэдщ екъуIэнигъэхэр щиIэ Iэнатlэхэр, ауэ и Iуэху щызэкIуэмыдыхэу, гугъу езыгъэкI Iуэхугъуэхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, районым щыпсэу цIыху кIэс хуэхъуэ мылъку нэхъыщхьэм хальхьа инвестицэ ахъщэмкIэ ар псом япэ итщ - зы цIыху кIэс хуэхъуэ хальхьащ сом 58580-рэ. Ар ику иту адрей куейхэм щыхальхьам нэхърэ хуэди 3,7-кIэ нэхъыбэщ.

Зы цIыху кIэс хуэхъуэ республикэм и бюджетым хальхьа ахъшэри адрейхэм я бжыгъэхэм елыитауэ тIукIэ нэхъыбэщ - сом 12700-рэ мэхъу. Ауэ зы цIыху кIэс хуэхъуэ 2009 гъэм сатум зэригъэкIуэкIа сом бжыгъэкIэ республикэм епIанэ уиIэпIэр щиIыгъыу аращ, организацэ инхэмрэ куэрыгъэмрэ щапшыныжьхэм хуей пIалъэр икIауэ ятелъ щыхуэм и куэдагъымкIи щытыкIэр районым куэдым яйм елытауэ нэхъыфI пэтми, ещанэ увыпIэращ хуэубыдащ.

Щэрэдж районым и администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махъты Iуэхуэхэм тепсэлъыхьу кьыщыпсалъэм кьыщэрыхигъэщамкIэ, куейм щы гектар 221255-рэ иIыгащ. Абы щыщыу мэкъумэщ щапIэщ гектар 54094-р, жылагъуэ-хъэм абгъэдэлъ вагъэр гектар 2647-рэ хъууэ аращ. Куейм хиубыдэ къуажи 10-м щопсэу цIыху 27022-рэ, ахэр лъэпкъ 12-м кьыкIэхIащи, я процент 61-р балькъэрщ, процент 33,8-р адыгэщ, процент 1,7-р урысущ, процент 1,5-р нэгъэщIагъэ Iэнатlэ щыпэрыту куейм щопсэу цIыху 3600-рэ. Ар ику абы хэм мазэ кьэс кIалэжь сом 11860-рэ. 2009 гъэм а бжыгъэр сом 9000-м зэрыщIигъу щIагъуэ щыIакъым. Щыхуэ-хъэм лэжьыгъэ кIалэхуэгъэуэтынымкIэ районым и Iуэхущапи Iэм лэжьапIэншэу щытхащ цIыху 550-рэ. 2009 гъэм цIыху 1127-рэ, 2010 гъэм – 720-рэ, мы гъэми - 224-рэ лэжьапIэ ягъэувыну яхуэзфIэкIащ.

ИнвестицIэ проекту районым кьыщыIэзэкIуахащ 19. Ахэр зэхэту и уасэщ сом мелард 11,8-рэ. А проектхэр псори гъэзэщIа хъуа нэужь, куейм кьыщыIэзIуахыну лэжьыгъэ IэнатlэщIэхэм я бжыгъэр 1400-м нэсынущ. Щэрэдж куейм щылажьэ IЭС-хэм кьахэхъуэн хуейщ иджыри тIу - Балыкъэр Ипщэ кьуажэмэрэ ЗэрэзъыкIэ щауэнуэхэр.

Темирканов Махъ ты зэпкьрыхуэу икIи зыубгъуауэ кьыгъэлъэгъуащ Щэрэдж районым и дэтхэнэ Iэнатlэри зыIут щытыкIэр, абы зауэжьын папщIэ Iэжьыпхъэу яубзыхуа Iуэхугъуэхэр.

Зэ Iуащ ныуэ кьыщащащ куейм хьыхь дэтхэнэ жылагъуэри гугъу езыгъэхь Iуэхугъуэхэр, ахэр зыщыщIэр. Псом япэ игъэщIын куей лэжьыгъэкIэ кьаIуэтащ кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм. Апхуэдэ Iуэхугъуэу жылагъуэ кьэс кьыщыхъэгъэщхьэкIащ 6-м нэс. Абы яхэтщ кьуажэхэр зэхуэдэу гугъу езыгъэхьэр. Псалъэм папщIэ, псомиращ кьагъэлъэгъуащ сабий садхэр ухуэн зэрыхуейр, курыт еджапIэхэр, спортзалхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр ремонт щыпхъэу е щIэрыщIэу ухуапхъэу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм унафэ пыухыкIа-хэр щытращыхьащ кьагъэлъэгъуа дэтхэнэ Iуэхуми. Лэжьыгъэм текIуэдэну сом бжыгъэр зыхуэдизыр яубзыхуу. Iуэхуэм нужь ихьэн хуейуэ, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщIхэм Президент Кьанокъуэ Арсен кьалэн ящищащ.

- Дауи, апхуэдизыр дэ мазэ бжыгъэкIэ тхуэзэфIэхыныкъым, ауэ илъэси 3 - 5-м кьыруубыдэу нобэ дыубзыхуа псори зэфIэдгъэкIынущ. Аращ жылагъуэ кьэс япэ игъэщипхъэ Iуэхуэхэр езым фыубзыхужьын хуэдэу зэIущIэр кьыщыIэзэдгъэпэщари, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

Президентым жэуап иритащ куейм щыпсэуэ зэIущIэм кьрихьэлIа цIыхуэхэм кьагъэува упщIэхэмI. Псальэм папщIэ, Бабугент кьуажэм щыщ Моккаев Жантуду кьиIэтащ балькъэр жылагъуэхэм 131-нэ Федералнэ законым кьитIасэу кьабгъурылынкъ хуей щыр кьаху зна зэрыкъуну щыкIэм текуэда упщIэр.

- НэхъыфIщ а Iуэхур иджыпсту кьыщэрыфIэтар, армырами жылагъуэ кьэс я унафэщIхэм дыкуэзэурэ абы дытепсэлъыхьыну зыдгъэхьэзыр. ФыщIэр узэкIэн хэлъкIым мыбы, - щытыкIэр зэщIагъэсту кьапсэлыр нэхъхьбэщ. Зы гектар нэхъ мыхьумри кьуажэхэм трихыну зыри иужь иткъым. ХьупIэхэр республикэм и унафэ щIэту дгъэув щхьакIэ, ар кьэзыгъэсэбэпыныр кьыхахынкъым гъунэгъу кьуажэхэм я унафэ эмылIу. А жылагъуэхэм езыхэм щы нэхъыбэ кьагъэсэбэпыным ди фейдэ хэлъщ, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

Жэуапым кьыхэщащ сыт хуэдэ закони зэхъуэкIынигъэ зыхэплъхьэ мыхъуну зэрыщымытыр икIи а федералнэ законым зэхъуэкIынигъэхэр, зэрагъгъэтынур. Цыхуэр Президентым кьигъэгугъащ куейм и кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэ псоми щхьэхуэу хуэзэурэ щIы Iуэхуэхэм текуэуауэ епсэльа псоми, а псоми иджыри зэ хэплъэжьыну.

ЗэIущIэм и кIэухыу, Кьанокъуэ Арсен республикэм и кьалэхэм, районхэм я зэпеуэм щытекIуа ЩIэрэдж куейм и администрацэм и Iэтащхьэм иритыжащ текIуэхэм а зэхъэзэхуэм щызэIэпах бэракьымрэ псом мелуани 10 зи инагъ ахъщэ саугъэтымрэ.

ГЪУЩIО Зарифэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Фокiадэм и 11-р Танкистым и махуэщ

ЗауэлI хахуэм и гъуэгуанэ-кIэ

1-нэ Украин фронтым и танк ротэхэм ящыщ зым и командир Хъуран Алексей кьыз-эпича зауэ гъуэгуанэм иIэу кьащIэкIынкъым зы Iыхьи лIыгъэм и щапхъэ нэсу кьэбгъэльагъуэ мыхъуну. Зыщалъхуа Кьулькъыжьи Ипщэ кьуажэм дэт курыт школым еIэдзакIуэу зыгъэзэжа щIалэр хунэсакъым кьыхиха IэщIагъэм гу щихуну: нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Хэкум кьытеуат, я льэр зытеувэм мафIэ лыгъэр иradзу. Алексей зы махуи лейуэ мыгупсысэу, япэу Iэщэр кьэзыщтахэм яхэуващ икIи ар заншIэу ягъэкIуащ Камышин дэт танк училищэм.

Хъураным еджапIэр кьыщиуха 1942 гъэм и щыщхьэIуум ирихьэлIэу бийм кьару нэхьыщхьэу иIэр Индыл Iуфэ игъэIэпхъуэрт, Сталинград кьыз-эриубыдыным хущIэкъуэ. А псэзныплъхьэнIэ лъэхъэнэм екIуэкIа зауэ гущIэм кьыщыщIидзэу рейхстагым нэсахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа адыгэ щIалэр.

Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ сыт хуэдэ Iуэху гугъуми хуэхъэзыру, хахуагъэ ини хэльу зыкъэзыгъэльэгъуэ зауэлIым зэман кIэщIкIэ дзыхь кьыхуащIащ 141-нэ танк полк кьыхэхам и взводым и командир кьулыкъыр. ЩхьэмыгъазэУ бийм и танкхэм ебгъэрыкIуэ защIэкIэ абы хуэзфIэкIауэ щытащ Барановкэ кьалэр нэмыцэхэм кьыIэщIахыжу гъавэ тонн мин бжыгъэхэр мафIэсым кьрагъэлъну. Хъуранэм кьигъэлъагъуа лъэпкъэм гъунэ ямыIэ хуэдэ Елизаровэ станицэр ди зауэлIхэм хуит кьащIыжа щхьэкIэ, абы пэмыжьыжу кьыщыс зы жылагъуэ бийм зыIущIаубыдэну хунэсат. КIуэ пэтми нэрылъагъу кьэхъуэт зэзауэ лъэныкъуэхэм я кьарур зэрыщэхумыдэр. КьикIуэтэ хуэжьа ротэм и командиром и танкыр зэрымыщIэкIэ силос мащэм ихуащ. Экипажыр, сыт ящами, абы кьикIыжьфакъым. Ар зыльэгъуа Хъуранам а щIыпIэм щэхуу тригъэзащ щIымахуэ жэщ уаем. ИхъуреягъкIэ щетIысэха бийм зыри хищIыкIыртэжьым Iэгъуэблагъэм советыдзэм и танк кьинауэ зэритым. Хъуранам хуэзфIэкIащ а танкыр мащэм кьэрышьыжу нэмыцэхэми кьаIэщIэкIыжьи. 1944 гъэм ар зэман кIэщIкIэ Москва еджакIуэ ягъэхъуащ, лейтенант щIэри кьыфIащащ. Абы иужькIэ Алексей ахэтащ КъухьэпIэ Украинэр хуит къэзыщIыжахэм, Вислэ псым зэпрыкIыу Сандомир плацдармыр къэзыгъэуахэм, Польшэм и щыналъэм щызэуахэм.

Хъураным кьрихьэлIа зауэ гъуэгуанэ хьэлъэхэм мыр и зы щапхъэщ: 1945 гъэм Совет Армэм и махуэм, мазаем и 23-м, Алексей я пашэу танкисту 3 тIасхъэщIэх ягъэкIуащ. Дзэпщхэм мыхьэнэ ин иIэу кьаIыта хъыбарыр зыIэрыбгъэхьэн папщIэ усакьым къудейри машIэт -танким ис зауэлIхэр нэмыщI танкыу 40 зытет гъущ гъуэгур кьагъэуэну хунэсащ. Абы щызэрихьа Лыгъэм кьыпэкIуэу Хъуран. Алексей кьратауэ щытащ Бэракъ Пльыжь орденыр.

Берлин дыхьэ советыдзэм я щынагъэншагъэр нэсу кьы-зэзыгъэпэщахэм, лIыгъэ яхэлъу рейхстагым ебгъэрыкIуахэм зэрахэтам папщIэ еТуанэ Бэракъ Пльыжь орденымрэ Хэку зауэ оденым и 2-нэ нагъыщэмрэ кьратащ. Ар зауэдащ. Дауэ дамыгъэ льагэхэр кьэралым зыхуигъэфэща Хъуран Алексей зэрыс танкыр зэхакьуГэу уIэгъэ зхьэлъэ щыхуэм, ТекIуэныгъэм и махуэр ягъэльэпIэным кьэнэжар сыхьэт бжыгъэт. КьызэтевыIэпIэ зимыIэ сэлэт зэщIэплъахэр ипэкIэ кIуатэрт, кьызэплъэкIыну напIэ дэхьеигъуэ ямыIэу. ХэкIуэдахэм хабжа Алексей псэууэ кьызэтенат, зэрыбаум гу лъызыта медсестрам и фIыгъэкIэ. Ар госпиталым зимыщIэжу щIэлът гуаэрати, ар госпиталым зимыщIэжу щIэлът зэрыхьэкIыу Сандомир плацдармыр къэзыгъэуахэм, Польшэм и щыналъэм щызэуахэм.

Хъураным кьрихьэлIа зауэ гъуэгуанэ хьэлъэхэм мыр и зы щапхъэщ: 1945 гъэм Совет Армэм и махуэм, мазаем и 23-м, Алексей я пашэу танкисту 3 тIасхъэщIэх ягъэкIуащ. Дзэпщхэм мыхьэнэ ин иIэу кьаIыта хъыбарыр зыIэрыбгъэхьэн папщIэ усакьым къудейри машIэт -танким ис зауэлIхэр нэмыщI танкыу 40 зытет гъущ гъуэгур кьагъэуэну хунэсащ. Абы щызэрихьа Лыгъэм кьыпэкIуэу Хъуран. Алексей кьратауэ щытащ Бэракъ Пльыжь орденыр.



Хъуран Алексейр дзэ штабым и унафэщIу щыта Шулико Иванрэ Киев щызэхуэзэжащ. *1990 гъэ*

Хъуран Алексей. *1944 гъэ*

зэрыхэкIуэдамкIэ щыхьэт тхыльыр благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ кьащыIэрыхьам.

ЦIыхуэм кьыхуиуха гъащIэр зыми кьызэрыIимыхьыфынум и щыхьэт нэсу, ар хъужщ, и льахэм кьигъэзэжри, лэжьыгъэ гъуэгуанэ дахэ кьрихьэлIэжащ: илъэс 24 ныбжьым иту коммунист ныбжьыщIэр япэ щIыкIэ Псыхъурей кьуажэм щызэхэт колхозым и унафэщIу ягъэуващ. Апхуэдэу �IнатIэ щхьэзэхуэхэр кьыщырихьэлIащ куейм и райпоми. 1948 гъэм кьыщыIэдзауэ илъэс 20-м щIигъэкIэ район финанс кьудамэм и тхьэмадэу щытащ. Пэжагъ ин хэльу лэжьыгъэ гъуэгуанэр кьызэрихьэлIам папщIэ кьратащ «ЩIыхь Дамыгъэ» орденыр.

Хъуран Алексейр ильэс 27-кIэ гъэзджакIуэу лэжьа абы и щхьэгъуэ ФатIимэтрэ ильэс 50-кIэ зэдэпсэуащ. Нобэ Алексей цунейм екъужаки, ныбжьэгъу насыпыфIэм и жьэхэ пащхьэр ФатIимэт ехъумэ. Абыхэм япхъу закъуэ Хъуран Таисиэ адэ-анэм я щапхъэм ирикIуащ. Ди республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэм хабжэу Налшык дэт курыт еджапIэ №6-м ар иджыпсту щолажь, школ унафэщIым и къуэдзэщ. Алексей и пхъурыльху Куэт Инад Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьныныгъэмрэ статистикэ и министерствэм инвестицэм екъэлIа щыIащ IуэхуэхмкIэ чэнджэщакIуэу щыIащ. Абы кьыпэлъащагъуэ танкист хахуэу зауэ лыгъэм хэта Хъуран Алексей и гъащIэ купщIафIэр Iэужьыныщэ зэрымыхъуар.

ЛЬОСТЭН Муэ.

Махуэ къэс зыгуэр къохьу

КъБР-м и хабзэхъумэ IэнатIэхэм «Кавказ» федералнэ гъэзугум и 423-нэ километрым дэк фокIадэм и 7-м сыхьэт 22-рэ дакъикъэ 55-м КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и гъэзугу плъыр кьулыкъым и экипажым Iэщэкlэ теуа щIэпхъаджащIэхэр кьалъхьхьуэ.

БзаджащIэхэр кьатеуащ «Тойота-Королла» автомашинэм и рулым дэс, 1956 гъэм кьалъхуа Шэшэн Республикэм хыхьэ Семашки кьуажэм щыпсэуэм и дэфтэрхэр полицейхэм кьыщапщытэм. Ар кьытехуэ уIэгъэм кьелажьмэ. Гъэзугу плыйрхэм ящыщ полицэм и капитанмэ фабжь эмылIэужьыныгъуэхэр телъу гъунэгъу сымаджэщым яшащ.

* * *

А махуэ дыдэм Iэщэкlэ зэщIэуэзэда бандэ гупым щыщхэр Иссльмэй кьуажэм полицэм и лэжьакIуэм щытеуащ. ЗэраубзыхуамкIэ, абыхэм автоматхэр кьагъэсэбэпащ. Офицерыр уIэгъэ хъуащ. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, абы и гъащIэмкIэ шынагъуэ щыIэкъым.

Республикэм «Вулкан-3» Iуэхугъуэм лэжьэн щыщIидзащ. Кьэлъыхьуэныгъэхэр ирагъэкIуэкI. Бахьсэн кьиин и дыхьэпIэхэмрэ дэкIыпIэхэмрэ кIэлъыплъныныгъэ ткIийм щIагъэуващ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я зэдай хъыбарегъащIэ центр.

● КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Террорым пэщIэт щытыкIэ щагъэув

Урысей Федерацэм «Террорым пэщIэтыным и Iуэхуэ» и Федералнэ законым и 11, 12 статьяхэм япкъ иткIэ, террорыхьэгъэщагъэхэр ирамыгъэлэжьын, щыхуэхэм, Iуэхущапи Iэхэм зэрыщIэрыпхъэ я щынагъэншагъэр кьызэгъэпэщын, бандэ гупым хэтхэр кьэлъыхьэн икIи убыдын папщIэ, Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI - КъБР-м и Оперативнэ штабым и Iэтащхьэ генерал-майор Кменный Сергей 2011 гъэм фокIадэм и 8-м сыхьэти 7-м щыщIэдзауэ террорым пэщIэт Iуэхугъуэ Бахьсэн муниципальнэ куейм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм (Бахьсэн, БахьсэнкIэ, Дыгулыбгъуей) зэрыщекIуэкIынум теуха унафэ кьыщташ.

Террорым пэщIэт лэжьыгъэм кьриубыдэу а щIыпIэхэм пIалъэкIэ Iуэхугъуэ хэхар щекIуэкIыныщ:

- хэтми щыхьэт техъуэ тхьилъхэр цIыхуэхэм я деж кьыщапщытэнущ. Апхуэдэ дэфтэрхэр зымыIыгъэхэр Урысей Федерацэм и хабзэхъумэ IэнатIэм (нэгъэщIуэ органхэм) хэтми яубзыхуи папщIэ ирашэлIэнущ;

- щIынальэми и щIыпIэ, объект языныкъуэхэм цIыхуэхэр ирагъэкIынущ, транспортхэри Iуашынущ;

- жылагъуэ хабзэр, цIыхуэхэм я псэунигъэр кьызэзэгъэпэщ IэнатIэхэмрэ транспортым пыщIаемрэ зыкъэнэр щIагъэткIынущ;

- телефон зэпсэлъэныгъэхэмрэ нэгъэщIуэ хъыбархэу телекоммуникацэ IэнатIэм и каналхэмкIэ кьатхэмрэ кIэлъыплъынущ, кьищынэмыщIауэ электроззэпыщIэныгъэ каналхэмрэ поцIкIэ ягъэхьхэмрэ террор хьэгъэщагъэ ялэжьыныкIэ щытыкIэм, ахэр зыгъэхьэзырахэм, зылэжьахэм ятеуха хъыбархэр кьыщалъхьэунущ, нэгъэущI террор щIэпхъаджагъэхэр кьызэпаудын папщIэ;

- Iуэхущапи Iэхэм, ар зыхуэдэм емылытауэ, я транспортхэр кьэгъэсэбэпынар, Iэмалынэщэ щытыкIэхэм деж щхьэзакъуэ транспортхэри хэту, дохутыр дэпIэкIыныгъэ хуэныкъуэ цIыхуэхэр медицинэ Iуэхущапи Iэхэм нагъэсын, апхуэдэуи террор хьэгъэщагъэ илэжьакъуэ щэн зыхуэдэ щIыхьи, зыгуэркIи ягъэзугъэщ. цIыхуми и гъащIэм е узынщагъэм щынагъуэ иритынкIэ хуэнумэ, кIэлъыпхъэрын папщIэ кьагъэсэбэпынущ;

- юридическэ, физическэ лицохэм зэпыщIэныгъэ Iуэхугъэзбзэхэр яхуэщIэнырэ е зэрызэпэщIэ сетхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ ягъэмэщIэнущ;

- Iэмалыншэ хъумэ, терроры пэщIэт Iуэхугъуэр щекIуэкI щIыпIэм щыпсэу цIыхуэхэр щынагъуэншэ щIыпIэхэм ягъэIэпхъэунущ, пIалъэкIэ щыпсэуи пэшхэр кьызэрагъэпэщынущ;

- КТО-р иухьхукIэ уэрамхэмрэ гъуэгуэхэмрэ махуэ кьэс сыхьэт 00.00-м щыщIэдзауэ 06.00 пщIондэ автотранспорту щызекIуэр ягъэмэщIэнущ;

- терроры пэщIэт лэжьыгъэр зыгъэгъэкIуэкI цIыхуэхэр лъэпощхьэпоуншэу псэупIэхэм, физическэ лицохэм яйуэ щыт нэгъэущI пэшхэмрэ абыхэм я щIы Iыхьэхэмрэ, IуэхущапIэхэм я щIынальэхэмрэ пэшхэмрэ щIагъэхьэн хуейщ, терроры пэщIэтныкIэ Iуэхугъуэхэр зэфIагъэкIын папщIэ;

- терроры пэщIэтныкIэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэм щыблэкIкIэ, абы щикIкIэ цIыхуэхэр, абыхэм яныгъ хьэпшыпхьэхэмрэ, абы техникэ Iэмэпсымэхэри хьихьэу, къащIыгъэщ.

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ куейм и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Малкаров Аслъэн Iуащхьэмахуэ куейм и щIыпIэ самоуправленэм и Советым и 43-нэ сессием и унафэкIэ я муниципальнэ кьыз-гъэпэщынымрэ и Iэтащхьэ кьулыкъым ягъэуващ.

СЕССИЕмри лжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и КъБР-м и Парламентым и республикэм и Парламентым и Iуащхьэмахуэ куейм и щIыпIэ самоуправленэм и советымрэ я депутатхэрэ, районым и унафэщIхэр. Ар кьызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Iуащхьэмахуэ куейм и Iэтащхьэ Отаров Исмэхьил.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къудзэ - къэрал кьулыкъым, кадрхэм, къэрал дамыгъэхэм егъэщIылIа Iуэхухэмкlэ Iэнатlэм и Iэтащхьэ Власов Александр кьыхигъэщхьэхуэкIащ Малкаров Аслъэн Iэнэхуныгъэм сыт и щIыхьыгъкIи зэпэщу кьызэрикIар икIи езым а хуэныкъуэ щIыпIэхьэфыцэр кьызэригъэлъэгъуар. «Си фIэщ мэхъу абы Iуэхум кууу зэрыхищIыкIыр, лжьыгъэр зэрызэгъэуцуэфынур», - жиIащ Власов Александр икIи куейм районым и Iуэхущапи Iэм лэжьапIэншэу щытхащ цIыху 550-рэ. 2009 гъэм цIыху 1127-рэ, 2010 гъэм – 720-рэ, мы гъэми - 224-рэ лэжьапIэ ягъэувыну яхуэзфIэкIащ.

ИнвестицIэ проекту районым кьыщыIэзэкIуахащ 19. Ахэр зэхэту и уасэщ сом мелард 11,8-рэ. А проектхэр псори гъэзэщIа хъуа нэужь, куейм кьыщыIэзIуахыну лэжьыгъэ Iэнатlэщ Iэхэм я бжыгъэр 1400-м нэсынущ. Щэрэдж куейм щылажьэ IЭС-хэм кьахэхъуэн хуейщ иджыри тIу - Балыкъэр Ипщэ кьуажэмэрэ ЗэрэзъыкIэ щауэнуэхэр.

Темирканов Махъ ты зэпкьрыхуэу икIи зыубгъуауэ кьыгъэлъэгъуащ Щэрэдж районым и дэтхэнэ Iэнатlэри зыIут щытыкIэр, абы зауэжьын папщIэ Iэжьыпхъэу яубзыхуа Iуэхугъуэхэр.

ЗэIущIэм нэужь кьыщащащ куейм хьыхь дэтхэнэ жылагъуэри гугъу езыгъэхь Iуэхугъуэхэр, ахэр зыщыщIэр. Псом япэ игъэщIын куей лэжьыгъэкIэ кьаIуэтащ кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм. Апхуэдэ Iуэхугъуэу жылагъуэ кьэс кьыщыхъэгъэщхьэкIащ 6-м нэс. Абы яхэтщ кьуажэхэр зэхуэдэу гугъу езыгъэхьэр. Псалъэм папщIэ, псомиращ кьагъэлъэгъуащ сабий садхэр ухуэн зэрыхуейр, курыт еджапIэхэр, спортзалхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр ремонт щыпхъэу е щIэрыщIэу ухуапхъэу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм унафэ пыухыкIа-хэр щытращыхьащ кьагъэлъэгъуа дэтхэнэ Iуэхуми. Лэжьыгъэм текIуэдэну сом бжыгъэр зыхуэдизыр яубзыхуу. Iуэхуэм нужь ихьэн хуейуэ, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщIхэм Президент Кьанокъуэ Арсен кьалэн ящищащ.

- Дауи, апхуэдизыр дэ мазэ бжыгъэкIэ тхуэзэфIэхыныкъым, ауэ илъэси 3 - 5-м кьыруубыдэу нобэ дыубзыхуа псори зэфIэдгъэкIынущ. Аращ жылагъуэ кьэс япэ игъэщипхъэ Iуэхуэхэр езым фыубзыхужьын хуэдэу зэIущIэр кьыщыIэзэдгъэпэщари, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

Президентым жэуап иритащ куейм щыпсэуэ зэIущIэм кьрихьэлIа цIыхуэхэм кьагъэува упщIэхэмI. Псальэм папщIэ, Бабугент кьуажэм щыщ Моккаев Жантуду кьиIэтащ балькъэр жылагъуэхэм 131-нэ Федералнэ законым кьитIасэу кьабгъурылынкъ хуей щыр кьаху зна зэрыкъуну щыкIэм текуэда упщIэр.

- НэхъыфIщ а Iуэхур иджыпсту кьыщэрыфIэтар, армырами жылагъуэ кьэс я унафэщIхэм дыкуэзэурэ абы дытепсэлъыхьыну зыдгъэхьэзыр. ФыщIэр узэкIэн хэлъкIым мыбы, - щытыкIэр зэщIагъэсту кьапсэлыр нэхъхьбэщ. Зы гектар нэхъ мыхьумри кьуажэхэм трихыну зыри иужь иткъым. ХьупIэхэр республикэм и унафэ щIэту дгъэув щхьакIэ, ар кьэзыгъэсэбэпыныр кьыхахынкъым гъунэгъу кьуажэхэм я унафэ эмылIу. А жылагъуэхэм езыхэм щы нэхъыбэ кьагъэсэбэпыным ди фейдэ хэлъщ, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

Жэуапым кьыхэщащ сыт хуэдэ закони зэхъуэкIынигъэ зыхэплъхьэ мыхьуну зэрыщымытыр икIи а федералнэ законым зэхъуэкIынигъэхэр, зэрагъгъэтынур. Цыхуэр Президентым кьигъэгугъащ куейм и кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэ псоми щхьэхуэу хуэзэурэ епсэльа псоми, а псоми иджыри зэ хэплъэжьыну.

ЗэIущIэм и кIэухыу, Кьанокъуэ Арсен республикэм и кьалэхэм, районхэм я зэпеуэм щытекIуа ЩIэрэдж куейм и администрацэм и Iэтащхьэм иритыжащ текIуэхэм а зэхъэзэхуэм щызэIэпах бэракьымрэ псом мелуани 10 зи инагъ ахъщэ саугъэтымрэ.

ГЪУЩIО Зарифэ.

● Къулыкъухэр

Iуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Малкаров Аслъэн

зегъэужьыныным теухуауэ щыпIэ властхэм зэщIэгъэуIуауэ ирагъэкIуэкI лжьыгъэм екъуIэнигъэхэр щыIэ Iэнатlэхэр, ауэ и Iуэху щызэкIуэмыдыхэу, гугъу езыгъэхь Iуэхугъуэхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, районым щыпсэу цIыху кIэс хуэхъуэ зэу мылъку нэхъыщхьэм хальхьа инвестицэ ахъщэмкIэ ар псом япэ итщ - зы цIыху кIэс хуэхъуэ хальхьащ сом 58580-рэ. Ар ику иту адрей куейхэм щыхальхьам нэхърэ хуэди 3,7-кIэ нэхъыбэщ.

Зы цIыху кIэс хуэхъуэ республикэм и бюджетым хальхьа ахъщэри адрейхэм я бжыгъэхэм елыитауэ тIукIэ нэхъыбэщ - сом 12700-рэ мэхъу. Ауэ зы цIыху кIэс хуэхъуэ 2009 гъэм сатум зэригъэкIуэкIа сом бжыгъэкIэ республикэм епIанэ уиIэпIэр щиIыгъыу аращ, организацэ инхэмрэ куэрыгъэмрэ щапшыныжьхэм хуей пIалъэр икIауэ ятелъ щыхуэм и куэдагъымкIи щытыкIэр районым куэдым яйм елытауэ нэхъыфI пэтми, ещанэ увыпIэращ хуэубыдащ.

Щэрэдж районым и администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махъты Iуэхуэхэм тепсэлъыхьу кьыщыпсалъэм кьыщэрыхигъэщамкIэ, куейм щы гектар 221255-рэ иIыгащ. Абы щыщыу мэкъумэщ щапIэщ гектар 54094-р, жылагъуэхъэм абгъэдэлъ вагъэр гектар 2647-рэ хъууэ аращ. Куейм хиубыдэ къуажи 10-м щопсэу цIыху 27022-рэ, ахэр лъэпкъ 12-м кьыкIэхIащи, я процент 61-р балькъэрщ, процент 33,8-р адыгэщ, процент 1,7-р урысущ, процент 1,5-р нэгъэщIагъэ Iэнатlэ щыпэрыту куейм щопсэу цIыху 3600-рэ. Ар ику абы хэм мазэ кьэс кIалэжь сом 11860-рэ. 2009 гъэм а бжыгъэр сом 9000-м зэрыщIигъу щIагъуэ щыIакъым. Щыхуэ-хъэм лэжьыгъэ Iэнатlэ щыпэрыту куейм щопсэу цIыху 3600-рэ. Ар ику абы хэм мазэ кьэс кIалэжь сом 11860-рэ. 2009 гъэм а бжыгъэр сом 9000-м зэрыщIигъу щIагъуэ щыIакъым. Щыхуэ

Хъуэпсапlэ къохъулlам къуит дэрэжэгъуэр

ЖыркIагуэ Фатихь

Усэ тхыныр Iэщlагъэ хуэмыхьуам, цIыху куэд щыIэщ усыгъэр я лым хэту зыгъэпIейтей гурыщIэхэр усэбзэкIэ кьаIу этэну хущIэкъуу. Апхуэдэхэм я усэбзэр нэхъыбэм быркъуэщыркъуэ хьуми, усэкIэ кьаIуатэр усыгъэм и фащэхэм тэмэму имытIасэми, я гурыщIэ хэIэтыкIахэр усэкIэ нэхъ кьаIуэтэфыну къафIощIри аращ я дзыхь усыгъэм щIрагъэзри. Апхуэдэхэм я Iэдакъэщlэкlэхэр усыгъэ нэсым и пщалъэхэм къеIэгъыркъым жыпIэу ебгъэкIуэтэкIыныр сфIэтэмэкъым. Зи хуэкIэрэ зэхэлъыкIэкIэ «быркъуэщыркъуэу» ятха усэхэм ахэр зи Iэдакъэщlэкlым и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ зы-гъэпIейтейхэмрэ, и гупсысэр нэхъ наIуэу уи нэгу кьыщIагъэувэ.

ИУЖЬРЕЙ ильэсхэм нэ хь куэд хьу зэпытщ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэ хэхэсхэу зи хэкужьым къэгъэзыгъэкIэ икIи абыхэм нэхъыбэу кьаxокI атхуэдэ усэ щыIэхэр. Абы и щхьэусыгъуэрри, сэ сызэреплъымкIэ, адэжь щыналъэм я псэр кьыхуэпабгьэрэ хэхэсу хамэ щыналъэхэм щагъэкIуа ильэсхэм я псэм щызэтрихьа гурыщIэхэмкIэ нэгъуэщIхэми ядэгуэшэну зэрыжыпкъуэхэм дежь абыхэм я усэ нэмыщIысахэу проз-эз ныкъуэкIи усэ ныкъуэкIи уэзджэ хьунухэм усэ тельыджэхэм хуэдэу уи гурыщIэр кьыхэщIагъэтэф, нэхъыщхьэраци, адэжь хэкум и дьапIагъэр нэгъуэщI зыгуэрми кьыхэзримыIуэтэфынум хуэдэу кьыбгурагъаIуэ.

Мис апхуэдэ усакIуэхэм ящыщ ЖыркIагуэ Фатихь. Ар 1939 гъэм Сирием кьыщалъхуащ. Абы и кьуажэр жур т-хьэрып зауэм и зэманым яубыдауэ щыта Дж опан льагапIэ хэм хьыхьэрт.

ЖыркIагуэм юрист Iэщlагъэр зригъэгъуэтащ, ауэ зэрыпIэжьыр етIуанэу зыхуеджа статист Iэщlагъэрщ.

И адэжь льахэм нэр щыпIэжьыным зэрысабий льандэрэ щIэхъуэпс Фатихь и гурылтыр 1991 гъэм кьеxъуIащ, абы льандэрэ ЖыркIагуэр Налшык щопсэу. Iэжьыгъуэ IэнатIэ ирихьэлIэу и уэзнэшагъэр пэмыльэщыжу пенсэм щысми, усэ тхыным хуищIа гупыжьр игъэкIэщхьакъым, атIэ уеблэмэ, нахуапIэ хьуа хьуэпсапIэм кърита дэрэжэгъуэмкIэ адрейхэми ядэгуэшэну мурад ищIащи, усэ тхыным нэхъри зыIэпешэ. Фатихь и тхыгъэхэм яхэтIалъгуэр езыр зэгупсыса, игъэва гурыщIэхэм я закъуэкъым. АтIэ ахэр кьэпIрыитэ хьунущ ЖыркIагуэм хуэдэу хэхэсыныр натIэ яхуэхъуауэ, адэжь льахэм кьыхуэпабгьэу Сириеми нэгъуэщI къэрал щ/эдми щыпсэу адыгэхэм я г ургыгъ-гурыщIэхэм я джэрпэджэжу.

Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ ЖыркIагуэ Фатихь и усэ гуп, машIэу дыхэлажьыхьыкуэ.

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

ЖЫРКIАГУЭ Фатихь и усэхэр

Нэкъуэлэн

Сыту хуабащэ щыIмахуэр мы гъэм,
Уэзрызигъусэр арагъэнщ.
Уэшхри сфIощI нэхъ гуапэ у кьыстещащэу.
СфIэкIэщIыIуэщ щыIмахуэм и жэщри
Уэзгъу сэм, сурягъ усэм,
Сытри нэхъ гуапэу хохьэ ди псэм.

Сабиигъуэ насып

Сабиигъуэ Iэфым и сурэту
Зы махуэ куэдрэ кьыщIохьэж си нэгум:
Губгъуэм ситт, си адэм сыбгъурыту.
Вагъэбдзумэр кьедэхащIэу льэгум,
Нартыху тетсэрт кьытлъыса щы тIэкIум,
ЩIыгуль Iэфым ди пщIэнтIэпсыр
хэткIуэу,
Хуабэвэхым щигъущIыкIкIэ ди Iур,
Хэку гупсысэр кьыдбгурыт ди мэIуу.
Кьилъыхъуэжу адэжьхэм я льагъуэр,
Си адэм щIипщыгыкIт дыззрыт губгъуэр.
Льэтэжа бзу гуэрым еджэрт ди гур,
Кьигъуэтыжа кьыфIэщIу льаэжьэ уэгур.
Сымылъэгъуаи зэи адэжь хэкур,
Льагъунльагъу сфIэкIуэжьырт абы си гур.

ПхъэIэщэкIыр скьуэу сохьыр
вагъэбдзумэр,
ЗызогъэдзэкI щыгулъыр
сфIэщIэщыгъэ зу,
Бзу уэрэдыр имыкIыу си тхъэкIумэм,
Гу лъызмытэу йокIыр сабиигъ уэр.
Нэсащ иджы си ныбжьыр лIы и фIыгъэм,
Ауэ сигу пымыкIыу сабиигъуэр,
Куэдрэ тызогъаэрри губгъуэм,
КьыщIозольыхъуэжьыр сэри адэжь
льагъуэр,
Бзу льэтэжхэм якIэльапIлъу си гум,
Нэхъуейуэ куэдрэ зэхэплъыхьыр уэгур.

Сроклуэ гъащIэ гъуэгум, махуэ кьэскIэ
Сыщохьэр а гъуэгуанэм нэхъ льэрыхь.
Гум кьина махуэр
кьыщIысымыгъуэтхьыжьыкIэ,
Нобэрей махуэр мэхъур сфIэгуэныхь.

Пщэддыжь тельыджэ

Анэм и псалъэрэ,
ГущIэм щIыусэу
Макъ льахъшIэ щабзэр кьыщIохьэ пэшым:
«Хуэжеякъэ, тэджыт, си тIасэ,
Нобэрей махуэр уэ кьыпхуоэзыщIыр».
Ильэсипщ I сохьэр, сысабижжкъым,
Еджэнри Iуэхури зэдызохьыф.
Сэра зи лажьэр щIымахуэр ткIийм э?
ПIэ хуабэр тынщу умыбгынэф.
Анэм и псалъэ пшынэу бзэрабзэм
Щхьэхыр сщхьэщхри сыкьегъэуш.
Зэхэсхьхуэ ункIэ псэр игъэжабзэу,
Анэдэлъхубзэр скуохьэр тхьэгъуш.
Iэрэ зэхэхьэрэ сфIьэзэтоуэжьыр,
ПщIыхьэпIэ дахэр си гум пымыкI,
МашIэу сщхьэщыкIыу кьыхсуеблэгъэжми,
Анэм седалуэу сыкьыIэщIокI.
ЗыльызотIагъэ си щырыкIу плъыжьыр,
Сыгушхуэу си гур кьошкIурыкIукI.
ЗэзгъэжьэIуэхуэ кьыхсфIощI
пщэдджьыжьыр,
Псыхъуэм сыкIуэну унэм сыщIокI.
ЩхьэрызотIагъэ пыIэ хуурыфэу
Ещхьыр пшэ кьуацэу пхьисыкIым уафэм.
Мамэ сэращ зыхуидар а пыIэр,
АнэIэм хуэдэу Iэзэ щымыIэ.
СыдоIэпкъуэр си гуапэу анэм,
ХущIыхозхьэж шэ пэгуныр унэм.
ЗризгъэщIагъуэу сщIгъщ си цыджанэр,
Схуэзэрихьащи ари си анэм,
ЩIыIэр кьыщысми, сыщымышынэ.
«Тэджыт, си щIалэ, ухэмыжае»,-
Сыхэльэдэнщ псыеежэх уэрым,
Псы ткIуэпсэр Iэзэу зэбгрыспхьынщ.
КIэнщэу сиIыгъщи зы гугъэ гуэрым,
Гъэуэгуанэ льагъэр ныджэм щистхьэщ.
ХуэсщIынщ гъэгуанэм
си щырыкIу плъыжьыр,
Къэсщтэнщ гугъапIэр
си гъуэ зу гъуэмылэу,
Льэр нэсхусыжмэ адэ хэкужьым,
СфIэщIынущ дыгъэр из хь гуапэ у кьаблэу.

«Тэджыт, си щIалэ, ухэмыжае»-
ТхьэкIуэм кьоIуэр пшынэ бзэрабзэу-
Нэхульэфкlэ махуэр кьысхуэупсакъэ -
Сыкьегъэушри анэдэльхубзэм!

Бэрикъэ

Зэхэсхьрт жаIэу куэдрэ Бэрикъ[1],
Си нэр кьых уикIыу, кIуэракъэ,
Зэ мыхьуми усльагъуну зэм, Бэрикъ!
Ауэ а псальэр зэи нобэ хуэдэу
Хьыжьакъым си гум, пагэу сригушхуэу:
Соплъыр уда гъэгъам зэщIагъэлыдэу
Мэз льапэ дахэм дебжьыбIэкI
жьлэшхуэм.
И тафи, джаби, и кьуэкIии
ЩыбгъафIэу псэм жэщ зыщIальэу,
Бабыщхэр гуэлым кьыщыкIийрэ,
Сабийхэр гуфIэу псым кьыхэльэу.
Дадэм и выгум щэрхьыр щIэхумэ,
КьиIэтрэ гур щIигъэувэжу.
Сэхьюн[2] зауэлIхэр кьипщхьами
уи губгъуэм,
Уи гыз макъ зыхебгъэхакъым зым,
Я кьуалэжьхэм[3] уи уэгур щауфэбгъуми,
Я уэрэдыр зэпыуакъым бзум.

Топыщэм льабзэу джабэм ирадзаэр
Ажал фэеплъу кьыпхуэна кьудейщ.
ЛьэгущIэт уищIын хуеями, уигъэ дзыюу,
ЗымащIэкIи упикIуэтакъым бийм.
Хуэгъэщынакъым абы уи щIэблэр,
Хуэгъэдзэкуакъым уи нэхъыжьыфIхэр.

Бийм зэщIикъуами уи джэди кьазы,
Уи берычэ тыр икIакъым губгъуэм.
ЗымыгъэкIуэ ду ноби уи хабзэр,
ХьэщIэм упожьэ, ар зэрыщIагъуэу.
Исуф[4] лIыхъужьым хуэдэ уи куэдти,
ЩIалэ кIуданэр уи куэдж мэIут.
ЩхьэкIуэтыныгъэр хьунэн и нетти,
И лIыхъужьыгъэр хэкушхуэ эм щоIу.

СыхьэтипщI зауэр щытами хьэ льэу,
Кьахуэлэнджакъым а уи бын пажэр,
Зэрыадыгэр и напщIэтелъу,
Зауэрт, щIэзау зэ фIыуэ ящIэжу.

[1] *Бэрикъ - 1967 гъэм Сирнем щекIуэкIа шэрджэс-журт зауэм щызэхахьута адыгэ кьуажэщ.*
[2] *Сэхьюн - журт*
[3] *Кьуалэжь - кхъухльатэ.*
[4] *Исуф - Г ыш Иф ф Хьэбас и кьуэр Бэрикъэ кьуажэм кьищалъхуа адыгэ лIыхъужьщ, сержанту дзэм я тащ. 1961 гъэм журт сэ лтгхэр гъунапкъэхьумэхэм кьатеуэри, зауэ хьэлъэ екIуэкIащ. Исуф и гъусэхэм ныкъуэрэ кьаукIащ, адрейхэр уIэгъэ хьуащ, зыкъомри щIэпхъэжьри, адыгэ щIалэр и закъуэу бийм кьапэщIнащ. Исуф и гъусэхэм ящыщу уIэгъэ хьуауэ щыта гуэрым кьыщэриIуэтэжамкIэ, адыгэлIыр щэ нухьыу зэуащ, щэхэр нуха нэчъжь, гранатэ яхидзэуриэ, бийр зэтрныIыащ. Журтхэм адыгэ щIалэр Iрыуубыд ящIын я гуГъамэ, яхуэзфIэкIакъым.*

Сурэтэр Пащты Герман *ищIащ.*

ШЫБЗЫХЪУЭ Амырбий Хьэжпагуэ и къуэр

И ныбжьыр илъэс 92-м иту дунейм ехыжащ Хэку зауэшхуэм и ветеран, «Кьэбалъкъпотребсоюз» кооперацэм и правленэм и унафэщIу щыта Шыбзыхъуэ Амырбий Хьэжпагуэ и къуэр.

Шыбзыхъуэ Амырбий 1920 гъэм накъыгъэм и 2-м ХьэтIохъущыкъуэй Ищхьэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы хэм ящыщщ Шэджэм дэт «Лашын» архитектурэ анСамблиР.

Зауэм и япэ махуэр зи нэгу щIэкIа икIи зэуапIэ IэнатIэм Iупу ТекIуэныгъэм и махуэм IущIа ди льаэхэгъэм орден, медаль зыбжанэ кьыхуагъэфащащ. Ауэ ар псом хуэмыдэу иригушхуэрт Хэку зауэшхуэ орденым, «РСФСР-м и Потребкооперацэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэм. Абы и Iущ Iа. Абы и нэгу щIэкIащ нэмыцэ фашист зэрыпхъуэкIуэхэм бомбэхэр япэу а къалэм къызэрытрагъэльэпIар. Ар ящыщщ Белоруссиер, Украинэр, нэгъуэщI щIыпIэхэри фашистхэм ящыщыхьумахэм.

Бийм кьиухъуреихьа щыналъэхэм кьикIыжа нэужь, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэр игъэкIуащ топгъауэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм. Курсхэр кьиухри, сержант Шыбзыхъуэм 245-нэ фочгъауэ дивизэм хэщIапIэ хуэхъуащ. Топгъауэ батареем и къудамэм и унафэщIу ар хэтащ Калинин, Псков областнэм, Прибалтикэр, Польшэр, Чехословакиер нэмыцэ зэрыпIалъэкIуэхэм къа1эщIэзыгъэкIыжа зауэлIхэм.

Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, сержант Шыбзыхъуэм аргуэру маз зыбжанэкIэ дзэ къулыкъур Львов щрихьэкIащ. Ар Къэбардейм кьыдэкIыжащ 1946 гъэм и щIышылэм.

КПСС-м и обкомым и япэ секретарь Мэлбахьуэ Тимборэ и унафэкIэ Амырбий илъэсищкIэ Зеикъуэ къуажэм и колхозым и унафэщIу щытащ. Адэкlэ абы и лэжьыгъэм сату IэнатIэм щыпищащ. Къызбгурн Езанэм дэт тыкуэным и унафэщIу ягъуэващ. Жэуаплныгъэр зыхищIэу, гудзакъэ хэлъу зыпэрыт IэнатIэр езыхэкI щIалэр и къулыкъукIэ драгъэкIуэтенщ, потребкооперацэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къулыкъу зэхуэмыдэхэр щрихьэкIащ. Лэжьыгъэм щызыIэригъэхьа ехьулIэныгъэхэм къыпэкIуэ «Щыхь Дамыгъэ» орденыр къыхуагъэфащащ IэтI, Шыбзыхъуэ Амырбий 1971 гъэм «Къэббалъкъпотребсоюзым» и правленэм и унафэщIу щагъэувам. А IэнатIэ мытынщыр хьэлэлу абы илъэс 12-кIэ ирихьэкIащ.

Шыбзыхъуэ Амырбий Потребкооперацэм и унафэщI къулыкъум щыпэрыта лъэхъэнэм республикэм щекIуэкIа зыужьыныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Къуажэхэм зыгъэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр - универмагхэр, тыкуэнхэр, сату центрхэр - дащIыхьауэ щытащ. Абы 1939 гъэм дзэ къулыкъуэм ираджащ. 75-нэ фочгъауэ дивизэм и 54-нэ тIасхъэщIэх батальон щхьэхуэм хэту 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм Брест къалэм щыIащ. Абы и нэгу щIэкIащ нэмыцэ фашист зэрыпхъуэкIуэхэм бомбэхэр япэу а къалэм къызэрытрагъэльэпIар. Ар ящыщщ Белоруссиер, Украинэр, нэгъуэщI щIыпIэхэри фашистхэм ящыщыхьумахэм.

Бийм кьиухъуреихьа щыналъэхэм кьикIыжа нэужь, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэр ягъэкIуащ топгъауэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм. Курсхэр кьиухри, сержант Шыбзыхъуэм 245-нэ фочгъауэ дивизэм хэщIапIэ хуэхъуащ. Топгъауэ батареем и къудамэм и унафэщIу ар хэтащ Калинин, Псков областнэм, Прибалтикэр, Польшэр, Чехословакиер нэмыцэ зэрыпIалъэкIуэхэм къа1эщIэзыгъэкIыжа зауэлIхэм.

Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, сержант Шыбзыхъуэм аргуэру маз зыбжанэкIэ дзэ къулыкъур Львов щрихьэкIащ. Ар Къэбардейм кьыдэкIыжащ 1946 гъэм и щIышылэм.

КПСС-м и обкомым и япэ секретарь Мэлбахьуэ Тимборэ и унафэкIэ Амырбий илъэсищкIэ Зеикъуэ къуажэм и колхозым и унафэщIу щытащ. Адэкlэ абы и лэжьыгъэм сату IэнатIэм щыпищащ. Къызбгурн Езанэм дэт тыкуэным и унафэщIу ягъуэващ. Жэуаплныгъэр зыхищIэу, гудзакъэ хэлъу зыпэрыт IэнатIэр езыхэкI щIалэр и къулыкъукIэ драгъэкIуэтенщ, потребкооперацэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къулыкъу зэхуэмыдэхэр щрихьэкIащ. Лэжьыгъэм щызыIэригъэхьа ехьулIэныгъэхэм къыпэкIуэ «Щыхь Дамыгъэ» орденыр къыхуагъэфащащкIэт

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

● Адыгэ пащтыхьхэр

Инал
(1453 - 1461)

ИНАЛ сультІан Беркьукьу и лъэхъэнэм къэхъуаг, абы пэгъунэгъууи щытащ. Беркьукьу и кьуэ Фэрэдж и лъэхъэнэм бэрэбанауэхэм я унафэщыу щытащ (апхуэдэ ІэнатІэ щыІэт), итІанэ къэхъукъащІэхэр зыгъэ гупу пащтыхь Сиуарри гъэр къащІри, Іэпхлъэпхуэ Каир къащаад. А лъэхъэнэм Беркьукьур Щам щыналъэм щыІэт, пащтыхь унафэжр абы щыпхигъэкІыу. Ешбэч кІиубыда Сиуар Беркьукьум деж щІишаф, абы унафэ пащтыхьхыну. Беркьукьур Сиуар тІэу е упщащ: «Уэрэ Сиуарыр? Уэрэ си дзэпІкІэр зыуІкІар?» - жиІэурэ. Жэуап кьиртыжьыгъэкъыми, и блыгущэтхэм унафэ яхуищІащ, щІашу яуклыну. АрщхьакІэ Ешбэч яхуидакъым, сымыІукІыну псальэ естащ жиІэри.

Къеит-бей и тетыгъуэм Эфиопием и пащтыхьым гурыІуэри, абыхъэм ящыщ ІуэІ и дзэм хигъэхьат, кІуныкъуэшхуэ яритат.

Уэсэмэхэм я сультІан Мыхьэмэд ЕтІу анэр къэжьрхэм я пащтыхьым и дзэм текІуауэ Кьеит-бей щІэзэхихьм къэгъэзэващ, абы и дзэр Сириеми къэсынкІэ шынэри. Ар кьимыгъэхьун щхьэкІэ и дзэр игъэхъэзэращ пэувыну. А хьабарыр сультІан Бэезид къэзэрыІэрыхьэу, къэлэ жьри, езым и малъхэ Ахьмэд и дзэм и пашэу иригъэжьащ. Ауэ абы и дзэр Кьеит-бей и дзэм пэмыльэщу кьикІуатащ, Кьеит-бей и дзэми Каир кьиригъэзэжащ. Абы иужькІэ тІури зэгурыІуащ, зыр зым темыуэну. А тІум я зэхуакІуэ зэгурыІуэныгъэм куэд ИкІуакъым. 1512 гъэм Бэезид ЕтІуауэм пащтыхьыгъуэр кьызэрылыусу, езымрэ и кьуэш Джымрэ зэщыхьащ. Джым Кьеит-бей и деж щтапІэ къэкІуащ, Кьеит-бей ар иригъэблэгъащ икІи хьэжыщІ игъэкІуащ. Бэезид ар игу техуакъым икІи кьигъэзгубжьащ. Кьеит-бей хуейтхэкъым Джым и хьэтыркІэ уэсэмэхэм ебиину. Арати, зэкъуэщитІыр зригъэкІужьну иужь ихьащ, арщхьэкІэ Бэезид кьыхуидакъым...

Курыт лІэщІыгъуэхэм екІуэкІа пащтыхь Кьеит-бей и лъэхъэнэм и кІыхьагъым (илъэс 29-кІэ тетащ) пащтыхьыгъуэм лъэщу эиубгъащ икІи кьыгъуэну кьежьащ. Абы и дзэм ящыІэ ящыкъуащ. А Іуэхум мыльку куэд зэрытекІуадэр зыхъэщІар цІыхубэрщ. Абыхэм я мыарэзыныгъэр къагъэлъагъуэу зыбжанэрэ зэщІэхьеяхэщ, кьэрал кІуэцІыр ягъэутхъуэу. СультІан Кьеит-бей и хасэр куэдрэ зэхуишэсащ, Іуэхум и гъэкьипІэр цІыхубэм ялытагъэІэсын мурад кІэ. АпхуэдизкІэ, и тахьтэм текІыу, Мэчэ кІуэуэ дэтІысхьэжьныр нэхъ кьыІэзэрищтэри, ягуригъэІуащ. ЦІыхубэр зыгъэпейтей нэгъуэщІ Іуэхуи щыІэт: 1476 гъэм ахьщэ нэпцІкэр кьежьри, уасэхэр дэуэящ. Езы пащтыхьыр апхуэдизкІэ и щхьэм тешыныхь хьуатри, цІыхубэ губжьаж запыІуэдзын щхьэкІэ, и чэщанэр зытет Іуащхьэм кьехьу и лъэжьапІэм кІуэн щыхьукІэ, кхъалъэхэм пхрыкІырт. Мысырым и сату Іуэхур щызэІыхьэпар, Европэм и сату гъуэгур абыкІэ блэмыкІыжу Индым кІуэ гъуэгур кьахута иужькІэщ.

СультІан Кьеит-бей и пІэнкъэгъу Бырч адыгэ пащтыхьхэм ефІэфІащ унэ ин, дахэ, гъэщІэрэщІа ухуэныжкІэ. Абы кьызэрынэкІащ лъэмыж екІуэкІэр, еджапІэ зэгъэпэщахэр, чэщанэ быдзэкІэр, зи аэзэн джапІэхэр лъагэ мэжджыгтхэр, бэзэр хуитхэр. Абыхэм ящыщ куэд ноби кьызэтенащ, дунейпсо зыпІплъхьакІуэхэр дихьэхыу. 1484 гъэм сультІан Беркьукьу и кхъэм тращІыхьа кхъэлэгъунэм и дахагъым ноби зыщамыгъэнщІу ИопІль щыкуэхэр. Мэжджыт кІуэцІхэр зэрыгъэщІэрэщІа тхыпхъэхэр сурэтыщІхэм, графикхэм я плъапІэщ. Аэр псори гуъэзджэр зыздкым и дежкІэ телыыджэщ, а лъхьэхэнэм щыІа дуней еплыкІэр кьеГъэлъагъуэри. Абы «Эмэзэм» псыр кхьызыщІэж псынэр кьигъэкъбзэжащ, Чэбэм ибэхэр щагъасэщрагъаджэ еджапІэ, гъуэгурыкІуэм и зыгъэпсэхупІэ гуищыхьащ, Бегьымбарым и мэжджыгу щІытар, мафІэсым кьигъэуар, езыгъэщІыжар аращ, Дамаск дэт Омейад мэжджыгтышхуэр ихьумащ...

СультІан Кьеит-бей цІыхухэмри дахэу яхущытт: езым и диным имыт, чриуэн ящІ, журтми лей кьатригъэхьэртэкІым. Уеблэмэ, Иерусалим дэт журтхэм я тхьэлъэпупІэр, кьалэм и тетым и унафэкІэ, якъутати, Кьеит-бей иригъэщІыжащ, зыкъутами тезыр трилъхьэри, башкІэ иригъэуащ.

СультІан Кьеит-бей илъэс 29-кІэ т етауэ дунейм ехьыжащ икІи Каир щыщІалъхьэжащ. Ар зэрыпІэу езым и кьуэ Мухьэмэд пащтыхь тахьтэм трагъэтІысхьащ, ауэ ар зэрытетар мазищ. Абы и пІэкІэ Кьаншауэ и кьуэ Кьаншауэ сультІан ящІащ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Псалъэжьхэр

Пщы Іэфі нэхъэр пэж дыдж

■ Уэзгугъур къогугъуэж.
■ Вы зимыІэм шкІэ щІещІэ.
■ Къуэр унэм и пкъощ, пхъур - и щІэращІэщ.
■ Зэдэшхэ Іэфіщ, зэдэпщІэ щІэхщ.
■ Зы бын зиІэми бынищэ зиІэми зэхуэдэу елъагъу.
■ Гум дэхуэр фэм кьеГуатэ.
■ Фадэм насып кьыхэзыха щыІэкъым.
■ Пщы Іэфі нэхъэр пэж дыдж.

МАХУЭ гъэрым бейгуалхэр и гъусэу кьуажэпщыр щАкІуэ кьикІыжыт. КъащэкІуа щІагъуи щымыІэу, ешаелІауэ къэкІуэж гупым дыхьэшх макъэшхуэ зэхэхащ. ЦІыкІури инри хуабжьу щыдыхьэшх унэм пщым и гупыр пэгъунэгъу щыхъум, ар Дизкъуажэ и унэрауэ къыщІэкІащ.

Пщым фІэгъэщІэгъэн хури:

- Мы факъыр з унэр мыпхуэдизу щІэтхъэр сыту пІэрэ? КъащІам хъунт ахэр апхуэдизу зыГъэдыхьэшхыр, - жиІащ. Бейгуэлхэм щІщ зы джэри, Дизкъуажэ къыщІишащ.

- Мыпхуэдизу фызыІэзэдыхьэшхыр сыт? ДыблэкІыжрэ пэт, фи дыхьэшх макъым дыкъинГъэувыІащ. Пщым ищІэну фІэфІщи, кьыджеІэ!

- Уэлэхьи, кьытхэхъуауэ дызыГъэдыхьэшхи щымыІэ, зы дыщэ кІанэ щІыкІу диІэщи, зэхуэдэдзрэ дридыхьэшхыу аращ, - жиІащ Дизкъуажэ.

Бейгуэлым Дизкъуажэ и псалъэр пщым щыІэригъэхьэжьащ, зыри жимыІэу ежьэжащ. Унэм зэрынэсыжу:

- Дизкъуажэ и бынхэр дыщэ кІанэ щІыкІукІэ апхуэдизу щигъэдыхьэшхыфакІэ, сэ си бынхэр нэхъыфІыжу кІанэшхуэкІэ згъэдыхьэшхынщ, - жиІэри зы дыщэ кІанэжь иІэти кьищтащ.

И бынхэр хъурейуэ кьриГъэувэкІри, гъэзрыГъэувэрэ дыщэ кІанэр яхуидзу иригъэжьащ. Хэти кІыхуэмыуфыду, Іэпыхуэрэ и лъапэм техуэу, хэти и бгъэгум хуищІэу кьихуэу, игъэдыхьэшхын дэкІэ къэна, дыщэ кІанэм бынир гъынанэу зэбгрищэкІыжащ. Ар щилъагъум:

- Мыр дауэ? ДыкьигъэщІауэ ара? Сыт а бащхэпльыр зыхуэфІр? Апхуэдизкъэрат иджы сэ сыкъэзымыгъэпцІэжар. ФыкІуи кІыскхуэфшэ, - жиІэри Дизкъуажэ кьригъэщащ пщым.

- А хьэуэрэ хьэм кьильхуа, сыкъэщІэбгъэпцІар сыт? ГъэпцІагъэрэ делагъэкІэ си бынхэр сыбгъэукІыжыри!

- Сыт къэхъуар, зиусхьэн, сыту Іейуэ укъэгубжьа? Сэ сыткІэ сыкъуаншэ?

- Укъуаншэщ арэфу. Си бынхэр дыщэ кІанэкІэ сокъэдыхьэшх жызыІар уэракъэ?

- Сэращ.

- НтІэ, сэ си бынхэр сыту мыдыхьэшхэра? Дыхьэшхыным и пІэкІэ, хэт и льакъуэр, хэт и шхужьыр уфыцІащ.

- Уэ яхуэдзар дыщэ дыдзт?

- ЦІымыщ хэмыльу дыщэ къабзэт. Кьеит-бей зумыльэфхьыу, мы Іуэхум хьилагъэ гуэр хэлъщи кьызжеІэ.

- Уэлэхьи, зиусхьэн, хьилагъэ лъэпкъ пкІэпльывэзмыхьэ, фыкъэзмыгъэпцІа, апхуэди симыхьэл. Дызыгъэдыхьэшхам фыкьыщІэупщІати, вжеСІащ, ауэ сэ зи гугъу сщІар уэ къыбгурыІуакъым.

- Дауэ? Хэт уэ нэхъ нэхъ делэу уи гугъэр? - пщыр нэхьри мэкІий.

- НтІэ, уи фІэщ щымыхъукІэ, накІуэ иджыпсту, уэзгъэльагъунщ.

- Кьэпхьми слъагъунщ ар сэ, - жиІат пщыми, Дизкъуажэ кІуэжащ, агъэзбыГъэ хьуэ я сабий цІыкІуи иІыгъыу кІэщІу кьигъэзэжри:

- Мис, зиусхьэн, сэ дыщэ кІанэ жьхуэсІар! Мыращ дыщэ кІанэр, армыкъымэ уэ уи дыщэр, уэ дыщэ жьхуэпІэр сытым щыщ! - жиІэурэ пщым сабийр иригъэльэгуат жалэж.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Хъыбар

Дыщэ кІанэ



● Жыжьэ - гъунэгъу

Пщыхэм я хьэщІэщ.
Сурэтыр Лонгворд Джон *ищІащ. 1838 гъэ*

● Сабий джэгукІэхэр

Мывэш

ДЖЭГУР щІалэ цІыкІухэрщ. Ахэр нэхъ иныхукІэ, нэхъ мывэшхуэ кьащтэ, «Мывэщыр» мывэ хьурей быдзщ. ЩІалэ цІыкІуитІым Іэ льэныкъуэкІэ яхуэдзын хуэдэу мывэ зырыз кьащтэ. Абы зым и мывэр едз (игьажэркъым), мыдрейм и мывэр абы ирегъащІэри ёоуэ. Абы щыгъуэми, техуа иІэкъым, темыхуа иІэкъым, нэхъ жыжьэ зэрыІульэтыным хэту.

Апхуэдэу гъэрыгъуэ зэтэурэ, зым и мывэр адрейм ейм пэгъунэгъу кьызэтеувыІэмэ, ящэм и мывэр къещтэри ІитІымкІи иІыгъуэ мыдрейм ейм зэрылъэкІкІэ ёоуэ. Ар икъутэфрэ - текІуащ, имыкъутэфрэ, мобы и чэзу хъуащи, и мывэр кьещтэри ёоуэ.

Щеуэм деж зыгъэрым и мывэр ЛъэмэЗ, аргуэрыжьу зэтэу щІадзэ. Аргуэру зэпэгъунэгъу хъуакъэ, зым и мывэр адрейм икъутэну зэриФІэщкІэ ёоуэ. Зым и мывэр къутамэ, абы нэгъуэщІ мывэ кьищтэну хуитщ, ауэ зы «мывэш» фІахьэхуауэ яльэтэ. Аращи, мывэ нэхъыбэ зыкъутэфыр токІуэ.

«Мывэшым» нэмыщІауэ, мывэ пащІэ кьащтэурэ зым ейм адрейр етэуи мэджэгу, ауэ мыбы кьару лей ихьыркъым, хэт нэхъ ІэфІэми кьащІэу аращ.

МАФЭДЗ Сэрбий.

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, мэлыл хэльу

МЭЛЫЛЫР зэпаупщІ е зэпауд Іыхьээ цІыкІуурэ, г 50 - 60 хьуурэ, псы щІыІэкІэ ятхэзэщІ, шыуаным ираль-хьэ, псы щІыІэ щакІэри зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цІыкІу ящІ, шыуанышхьэр трапІэри тхъурымбэр къытрахыурэ, лыр ныкъуэкъэрІ хъуху зігъавэ. Абы хальхьэ щимэ цІыкІуурэ упщІэтауэ пхъы укъэбзэ, бжьыныхьу, шыгъу, шыбжий сыр. Шыуаныщхьэр трапІэри, лыр зыгъэвэд дакъикъитху-хыкІэ. Абы хальхьэ шыбжий дэгу тхъэщІа, зэпэпІимэ цІы, кІуурэ упщІатауэ. Шыуаныщхьэр трапІэжри хьэзыр хъуху яГъавэ. ЗэрызэщІэту фальэ куукІэ Іэнэм трагъэувэ. Пщтыру яшх. Пластэ, щакъхьэу, чыржьын, хьэпІамэ дашх.

Хальхьэхэр (цІыхуитІ ІыхьэІ):

Мэлылу - г 600
Лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1200-рэ
Пхъы укъэбзауэ - г 60
Бжьыныхуу - г 30
Шыбжий дэгу - г 60
Шыгъ уу, шыбжий сыру - узыхуэгъи хуэдиз.

Дагъэ уэркІэ гъэжьа кІэртІоф

КІЭРТІОФ укъэбзар тыкъыр цІыкІуу, г 10 - 12 хьуу э, мыІуэ Іейуэ, яупщІатэ, сэхуран дагъэр кьагъэпльэ, пщтырагъыр градуси 140 - 150 хьуэ. Абы кІэртІофр упщІэта гъэгъущар хвдутэри, чымчырыр кІэ ээІащІэуэ тхъэпльэ хъуху ягъажьэ. КІэртІофр жвар чымчыркІэ кьрахьыж, пинэу тепщэн цІыкІуи ираКІутэ. ЩатэжІэ щІауэ бжьыныху шыпс тракІэри хуабэу ящІ. Пластэ, щакхъуэ, лэкъум дашх. Шыныгъуэр витаминкІэ кьулейщ.

Хальхьэхэр (цІыкІуитІ ІыхьэІ):

КІэртІофр укъэбзауэ - г 400
Сэхуран дагъэу - г 1000
Бжьыныху укъэбзауэ - г 10
Шатэу - г 100
Шыгъ уу, шыбжийуэ - узыхуэгъи хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **6.** Ди гъунэгъум ... къызэщІэкІри бзлыхь дызэрыхэгъэтащ. **7.** Джэдкъазым традзэ дамыгъэ. **9.** Гуэгушыхъым, къазыхъум я бгъэм тет лы ІупщІэ. **11.** Ди республикэм щыпсэу лъэпкъ. **12.** Ди щалэм ... къыхилъхьэри унэ тщІыну кьедгъэжьащ. **13.** Тэрч районым хиубыдэ къуажэ щыкІу. **16.** Сирием пэгъунэгъу къэрал, Бейрут кьалэр зи щыкІэр. **18.** Псы, бгы нэпкъ лъагэ. **19.** Нарт Бэдынокъуэ и адэр. **20.** Джэдхэм я «гъуэлъыпІэ». **22.** Диным зэрыжиІэмкІэ, дунейм ехьыжэр кьагъэтэджыжу псапІэрэ гуэныхьу ялэжьащ. ХьэрэІилиягъэзащІэ цІыхубэ з ерэд. Е цІыхубэщІэ. **10.** Жьэрфеи и Іэгум трищІэ фэ Іув пхъашэ. **44.** Щыщ и дэПныкъуэгъу. **47.** Хъэцэпцэхэм я льэдий. Мэкъумэрэ силосымрэ щаухам деж Іэщым ирагъэщх. **49.** БгитІ зэхуакъу. **51.** Кхъуейр ... хъуащ. **52.** Щыхь ин лъэпкъ. Е цІыху кьарууфІ.

Къехуу: **1.** Ди республикэм щыІэ псыежэх нэхъ инхэм ящыщ. **2.** ... куэдрэ хэмэ, и дамэр мэкъуугъ. **3.** ЩІэгъэкъуэн, сэх. **4.** Нарт лІыхъжь Щоуей и адэр. **5.** ... хэбгъэтІасэмэ, пхуэгъэхъужьыркъым. **8.** КьардэнгъущІ Зырамыкуи Щымахуэ ХьэрэІилиягъэзащІэ цІыхубэ з уэрэд. Е цІыхубэщІэ. **10.** ЕІэ-епхъуэу, пащІэу Іэуху зыщІэ. **13.** Бгым, Іуащхьэм я бгъэущІ. **14.** НэкІуэ, щІыфэм иІэ зэльагъэ. **15.** ІэщІэ-выщІэ. **17.** УнафэщІм и ... кьысщыхъащи, сезэгъыжьыркъым. **18.** Социалист Гъэжьгъэм и ЛІыхъужь ... Нарзан. **21.** Уэрэдым и Іыхьэ. **23.** Лэскэн куейм щыщ адыгэ къуажэ. **24.** Пасэрей зауэлІхэм ящыгъыу щыта ... джанэ. **25.** Сабий зеиншэ. **26.** Куэд куэщІ кІыхь зиІэ удэ. ЦІыхум ящх. **27.** Уи щхьэ мызым ... йомышэкІ. **32.** Нартхэм я гуащэ. **33.** Сату щащІ щІыпІэ. **34.** Адыгэм кьытхэкІа усакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщ, Къэрэшейм я ІэгумкІэ ящыщ. **35.** Щэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ. **36.** Псым хэс псэущхьэ, ижу иту зы тонни 100 хуэдэ кьишэчу. **37.** Удым зэхэдзэ нэхъэрэ, ... зэхэдзэ. **38.** ... - гурыщІэ. **39.** Дунейм щыгу нэхъ льагэ дыдэу щыІэ ДжомолунгмэкъэзыІэ ГурыщІа адыгэ пщащэ. **45.** И мэкъуэмрэ ящыщ. **46.** Губгъуэм, мэзым кьыщыхьу мафІэс ин. **47.** Зи кІапэ лъэныкъуэр упІэщІа гъущІ кІапэ, пхъэ ириэзгъауду. **48.** ЕІэпсльэпсым щыщ. **50.** Дзыгъэм и бий кІэуфІыщІ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Фокіадэм и 3-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Сонэ. **7.** Уадэ. **12.** Псыдзэ. **13.** Кьанжэ. **16.** Набдзэ. **17.** Арклъэ. **18.** Лэгъуп. **20.** Нуэсэ. **22.** Задэ. **24.** Шхьэпс. **25.** Щэрэщ. **26.** Хэхэс. **30.** Мы. **31.** Куба. **32.** УмыщІ. **33.** Ер. **36.** Щэуей. **37.** Жагъуэгъу. **39.** Нэгъуей. **40.** Іулъхьэ. **42.** Хьэпс. **44.** Щэпхъ. **45.** Напэ. **47.** Пхьэпс. **49.** Кьурмэн. **52.** Блашэ. **53.** Пхъэхь. **54.** Данэ.

Къехуу: **1.** Собэ. **2.** Хьэлькъ. **3.** Щухьэ. **4.** Удын. **6.** Кьан. **8.** Епэр. **9.** Дыхьэрэн. **10.** Абаззэхэ. **11.** Нэгъуд. **14.** Алъп. **15.** Жин. **19.** Гъупщ. **21.** Ущ. **23.** Гурыфыгъуэ. **24.** Щомыщ. **27.** Сэрей. **28.** Гъьбж. **29.** Кумб. **34.** Мухьэрэб. **35.** БгъэущІагъ. **37.** Жэп. **38.** Гъудэ. **41.** Льэпщ. **43.** Сыр. **44.** ШкІэ. **46.** Пхъэр. **48.** Сыхъэ. **49.** Кьупхъэ. **50.** Мэл. **51.** Надэ. **52.** Банэ.

● Гу зытьтапхъэ

Щоджэщыкыу Алий и цІэр зезыхьэ Кьэбэрдей къэрал драмэ театрым 2011 гъэм и фокІадэ мэфэ мы спектаклхэр щагъэльэгъуэнущ:

Фокіадэм и 14-м:
Іутыкъ Борис. **«Кхъуэжьенбэ»** (драмэ)

Фокіадэм и 22-м:
Робер Том. **«Іыгъуныгъэм текІуэдзэкІэ»** (мелодрамэ)

Фокіадэм и 30-м:
Шамахадив Мэжид **«Гуащэ ябгэ»** (комедие)

Театрым и художественнэ ІыхьафэщІыр Урысей Федерацэм щыхъ зиІэ и артист Шыбзыхъуэ Басирщ.

ЩыщІидзэр сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

Упщ зиІэхэр мы телефонхэмкІэ фыпсалъэ зыхунущ: **42-64-94, 42-33-87**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч(редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖьэкІмыкъ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Ислъэн Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъаръ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ ЗэрамI, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущапіэхэм ядолэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэтчэхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытхахэм юсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дыдэщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыкъэзыгъэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цІэкІэ щыІэ ЗэрамI, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьаэщ: **жэуап зыхь секретарыр и кІуэдзэ Къаншокъуэ Эдуардрэ, редактор Жылаэ Заурбэчрэ, корректорхэр ПхьпІыкІ Юрэ** *(3, 4, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 5-нэ нап.),* **корректорхэм я дэПныкъуэгъу Мырзэкан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ищІащ* **Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щыградзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3226